

Bondye Kache Epi Revele Nan Senplisite

63-0317M

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Mèsi, Frè Neville. Seyè a beni w. Bonjou, zanmi yo. Mwen sètènman konsidere sa kòm youn nan moman ki pi enpòtan nan lavi m, pou m nan tabènak la ankò maten an, pou m wè bèl estrikti li, ak nan lòd ke pitit Bondye yo chita nan kay Li jodi a.

2 Mwen te sitèlman sezi lè m rive isit la yè e mwen te wè aparans bilding lan. Mwen pat janm reve ke li t ap konsa. Lè m te wè plan yo, ke lè yo te trase plan yo, mwen jis te wè yon lòt ti chanm plase sou yon bò, men kounye a mwen wè li se yon—yon bèl kote. E nou rekonesan anvè Toupwisan an pou bèl plas sa a. Epi nou se...

3 M ap pote pou nou, maten an, bonjou madanm mwen ak pitit mwen yo, ki anvi isit la nan moman sa a pou sèvis dedikas sa a, ak semèn konsekasyon sa a pou Kris. Men timoun yo lekòl, epi se difisil pou yo deplase. E yo prèske fin pèdi nostalji pou lakay yo, men nou p ap janm pèdi santiman nou pou ou. Nou pa dwe pèdi jan de bagay sa. Gen yon tèl bagay tankou gen zanmi. E mwen—mwen apresye zanmi, toupatou, men gen yon bagay konsènan vye zanmi. Kèlkeswa kote ou fè nouvo zanmi, se pa tankou vye zanmi yo.

4 Kèlkeswa kote mwen ta janm ap pwonmennen, plas sa a ap toujou sakre. Paske, anviwon trant lane de sa, nan yon kabann letan labou, mwen te dedye moso tè sa a bay Jezikri lè li pa t anyen pase yon—yon kabann labou. Se te tout yon letan. Se rezon sa a ki fè lari a soti oswa...ekate la, wout la—la te oblije detounen, pou li elwaye de letan ki te isit la. Epi isit la, te konn abitye gen flè lis, flè lis ki soti nan letan an te pouse.

5 E flè lis la—la se yon flè trè etranj. Menm si li fèt nan labou, li dwe fè wout li nan labou a, epi nan dlo yo ak limon yo, pou li leve tèt li anlè, pou montre bote li.

6 E mwen—mwen panse, maten an, ke se tout sa k te rive isit la. Ke, depi lè sa a, yon ti flè lis letan an te pouse tèt li soti; epi lè li rive anlè tèt dlo a, li gaye zèl li yo, ti petal li yo soti, epi li reflète Lis nan Vale a. Se pou li dire lontan! Se pou li yon kay ki dedye konplètman bay Bondye!

7 Tabènak la li menm te dedye an 1933. Men mwen panse, maten an, li ta yon—yon trè bon bagay pou gen jis yon—yon ti sèvis dedikas ankò, e sitou pou moun ki, avèk lanmou yo ak devosyon yo pou Kris la, te rann tout sa posib. E mwen vle remèsye nou chak pou ofrann nou yo, e latriye, ke nou te mete apa pou dedye legliz sa a bay Kris.

8 E mwen apresye anpil, epi mwen remèsye kongregasyon an, pou m di pawòl sa yo nan non bon frè nou yo isit la nan legliz la, ki te dedye sèvis yo pou sa. Frè Banks Wood, frè nòb nou an; Frè Roy Roberson, frè nòb nou an; ak anpil lòt moun ki, san egoyis epi ak senplisite nan kè, te mete mwa nan konstwi kote sa a jan li te ye a, rete isit la yo wè ke li te jis byen bati.

9 Epi lè m te antre, pou wè chè sa a, kalite sa mwen te toujou anvi genyen an, tout lavi mwen! Mwen se...Frè Wood te konnen sa mwen te renmen. Li pat janm te di ke li ta bati li, men li te bati l.

10 E mwen te verifiye bilding lan ak kalite konstriksyon an, se jis, o, se siprèm. E kounye a pa gen okenn mo pou m eksprime santiman mwen. Pa gen okenn fason pou fè li, ou wè. Epi, men, Bondye konprann. E se pou nou chak jwenn rekonpans nou pou kontribisyon nou yo ak tout sa nou fè pou fè plas sa sa li ye a, kòm yon bilding, yon kay pou Seyè a. E kounye a mwen—mwen ta renmen di mo sa yo. Kounye a, bilding lan, osi bèl ke l ye, anndan kou deyò...

11 Bòfrè m lan, Junior Weber, te mason ki responsab pou fè brik la. Mwen pa wè ki jan sa te kapab pi bèl pase sa li ye a, yon travay pafè.

12 Gen yon lòt frè ki isit la, mwen pa janm rankontre nonm lan, li enstale sistèm son an. Men mwen remake menm nan yon bilding plat tankou sa a, mwen ka jis...Pa gen okenn eko nan akoustik la. Yo nan plafon yo isit la, diferan kote. Pe enpòt kote m kanpe se jis menm bagay la, ou wè. Epi chak sal konstwi, pou ke opalè yo cache anndan yo, epi ou ka regle volim lan nenpòt fason ou vle tandè. Se, mwen kwè se te men Bondye Toupwisan an ki te fè bagay sa yo. Kounye a si...

13 Seyè nou an sitèlman ban nou yon bilding ke nou ka adore L ladann, pi byen, depi apepre trant lane. Nou te kòmanse ak yon planche an tè, pousyè bwa, epi nou te konn chita isit la bò kote yon vye recho chabon. Epi kontraktè a, Frè Wood, youn nan yo, ak Frè Roberson, t ap di m ki kote poto mitan sa yo te ye, epi vye recho sa yo yo te konn mete yo nan poto mitan sa yo ki te travèse, yo te pran dife epi yo te boule, petèt sou de oswa twa pye. Poukisa li pat boule nèt, se sèlman Bondye ki kenbe l. Epi apre li fin boule, e tout pwa tabènak la repoze sou sa, poukisa li pat tonbe, se sèlman men Bondye. Kounye a yo soutni l avèk asye epi yo fikse l atè a, bati byen fò.

14 Kounye a mwen panse ke se devwa nou pou nou fè anndan an byen, ak gras Bondye, pou nou sitèlman rekonesan anvè Bondye pou nou...Se p ap jis yon bèl bilding sèlman kote nou pral reyini, men se pou tout moun ki vini wè bèl karaktè Jezikri a nan chak moun ki antre. Se pou li yon kote ki konsakre pou Seyè nou an, yon pèp konsakre. Paske, pe enpòt ki jan estrikti a bèl, sa ke nou apresye sètènman, bote legliz la se karaktè moun yo. Mwen gen konfyans l ap toujou kay Bondye, nan bote.

15 Kounye a, nan sèvis dedikas la lè yo te poze pyè angilè orijinèl la, yon gwo vizyon te vini. Epi li te ekri nan pyè angilè a, nan maten mwen te dedikase li.

16 Epi ou ta ka mande tèt ou, kèk minit de sa, poukisa m te pran tout tan sa a anvan m te soti. Premye devwa mwen, antan m antre nan nouvo legliz la, mwen te marye yon jenn gason ak yon jenn fanm ki te nan biwo a. Ke sa kapab yon tip, ke mwen va yon minis ki rete fidèl a Kris, pou m prepare yon Lepouz pou seremoni Jou sa a.

17 E kounyeya ann fè menm jan nou te fè nan kòmansman an. Lè nou te kòmanse nan dedikas premye legliz la, mwen te jis yon jenn gason epi, o la la, petèt vennde, venndezan lè nou te poze pyè angilè a. Se te anvan mwen te menm marye. E mwen te toujou vle wè yon kote ki nan lòd kòrèkteman, nan Bondye...pou adore Bondye, ou wè, ak pèp Li a. E nou ka sèlman fè sa, pa avèk yon bèl bilding, men avèk yon vi konsakre se sèl fason nou ka fè li.

18 E kounyeya, anvan nou fè dedikas la, yon priyè dedikas, ann li kèk Ekriti, epi dedye legliz la ankò bay Bondye. Epi mwen gen kèk...Mwen gen yon mesaj evanjelizasyon, maten an, pou m bati pou Mesaj mwen an k ap vini an.

19 E, aswè a, mwen vle pran Apokalips chapit 5 lan, ki fè lyen, soti nan—soti nan sèt laj legliz yo, rive nan sèt So yo. Ke mwen...Epi nou pral gen...

20 Lendi swa se pral kavalye sou chwal blan an. Madi swa...Kavalye sou chwal nwa a, e ensidswit, kat kavalye yo. Epi se va louvèti Sizyèm So a.

21 Epi dimanch maten, dimanch maten pwochen, si Seyè a vle...Nou pral wè pita, anonse li pita. Petèt, dimanch maten pwochen, va gen yon reyinyon lapriyè pou moun ki malad nan bilding lan.

22 Epi dimanch swa, nou va fini avèk...Se pou Seyè a ede nou louvri Setyèm So a, kote ki gen jis yon vèsè kout. Epi men sa Li di: "Te gen silans nan Syèl la pandan yon demi èdtan," avèk silans sa a.

23 Kounye a, mwen pa konnen kisa So sa yo vle di. Mwen jis osi aboutsouf, konsènan yo, tankou petèt kèk nan nou ye maten an. Nou gen lide eklezyastik ki te prezante pa lòm, men

ki p ap janm arive touche L. Men si nou va wè, Sa dwe vini pa enspirasyon. Li dwe Bondye, Li menm, se sèl Moun Ki ka fè l, Ayo a.

E aswè a se Liv Redanmsyon an.

24 Kounye a, apwopo de sa, rezon kifè mwen pa anonse reyinyon lapriyè pou malad yo, e latriye, se paske mwen...mwen abite kay kèk zanmi, epi mwen konsakre chak minit nan tan mwen pou etidye ak lapriyè . E nou konnen vizyon an ke mwen te genyen konsènan sèt anj sa yo ki te vini ap vole yo jis anvan mwen te pati epi ale nan lwès. Alò nou pral konprann yon ti kras pita.

25 Alò kounye a, bon, nan bilding lan, mwen panse ke nou ta dwe genyen, ladann, si li te dedye, oswa yo pral dedye nan kèk minit, adorasyon pou Bondye, nou ta dwe kenbe li konsa. Nou pa ta dwe janm achte oswa vann nan bilding lan. Nou pa ta dwe janm fè okenn biznis nan oditoryòm sa a isit la. Sa pa ta dwe janm fèt isit la, sètadi, tankou pèmèt minis vini anndan an epi vann liv ak tout bagay. Kèlkeswa sa li ye a, gen lòt kote pou fè sa. Paske, nou—nou pa ta dwe ni achte ni vann nan kay Seyè nou an. Li ta dwe yon kote pou—pou adore; sen, konsakre pou bi sa a. Ou wè? Kounye a, Li ban nou yon bèl plas. Annou dedye l pou Li, epi dedye tèt nou, avè l, pou Li.

26 E kounye a sa ka parèt on ti jan sevè, men, se pa yon kote pou fè vizit. Se yon kote pou adore. Nou pa ta dwe janm menm bougonnen yon mo anndan isit la, andeyò adorasyon, youn ak lòt, sof si li absoliman nesesè. Ou wè? Nou pa ta dwe janm rasanble ozalantou. Nou pa ta dwe janm kouri nan bilding lan, ni kite pitit nou yo kouri nan bilding lan. E alò antan n ap fè sa, paske se konsa nou santi pou fè l sa pa fè lontan, nou te konstwi li pou nou te ka pran swen l nèt. Kounye a, nou etabli sa isit la. Natirèlman, anpil moun se etranje isit la. Moun yo nan tabènak la konnen sa, ke bilding lan pral dedye a sèvis Toupwisan an. Se poutèt sa, antan n ap dedye tèt nou, se pou nou sonje, lè nou antre nan sanktyè a, se pou nou fè silans, youn ak lòt, epi adore Bondye.

27 Si nou vle vizite nou youn lòt, gen kote nou ka vizite youn ak lòt konsa. Men, pa janm, pwomennen anndan l, kote ou pa ka tande tèt ou k ap panse, epi kèk moun vini anndan an epi yo jis pa konnen kisa pou yo fè, ou wè, sitèlman gen anpil bri ak bagay sa yo. Se senpleman imen, e mwen wè sa nan legliz yo jiskaske li fè m santi m reyèlman mal. Paske, nou pa vini nan sanktyè Seyè a pou nou rankontre youn ak lòt. Nou vin isit la pou nou adore Bondye, epi ale lakay nou. Sanktyè sa a dedye pou adore. Lè... Kanpe deyò a, pale nenpòt bagay nou vle, osi lontan ke li jis epi li sen. Ale lakay youn lòt. Vizite youn lòt kèk kote. Men lè nou antre nan pòt sa a, fè silans.

28 Ou vin isit la pou w pale avè L, ou wè, epi kite L pale avè w an retou. Pwoblèm lan se ke, nou pale twòp, epi nou pa koute ase. Alò, lè nou vini isit la, rete tann Li.

29 Bon, nan ansyen tabènak la, ka pa gen yon sèl moun prezan maten an ki te la jou dedikas la, lè majò Ulrich te jwe mizik la. E mwen te kanpe deyè twa kwa isit la, pou dedye plas la. Mwen pa ta pèmèt okenn moun...Moun ki t ap met lòd yo te kanpe nan pòt la, pou yo asire yo ke pa gen pèsonn k ap pale. Lè sa a, ou fè pale w yo deyò. Ou antre. Si ou te vle, an silans, ou vini sou lotèl la epi priye an silans. Ou te mache tounen nan plas ou, louvri Bib la. Sa vwazen w t ap fè, sa te konsène l. Ou pat gen anyen pou w di. Si ou vle pale avè l, di: “M a wè l deyò a. Mwen isi a la pou m adore Seyè a.” Ou t ap li Pawòl Li, oswa ou chita tou dousman.

30 Epi, alò, mizik la. Sè Gertie, mwen pa konnen si li isit la maten an, oswa non, Sè Gibbs. Vye pyano a, mwen kwè, li te chita deyè a la nan kwen an, si m byen sonje. Epi li t ap jwe dousman: “La sou kwa a kote Sovè m lan te mouri,” kèk mizik reyèlman dous, trankil, epi—epi, alò, jouk lè a rive pou sèvis la. Epi kondiktè chan an leve kanpe, epi kondwi asanble a nan kèk kantik. Epi si yo te gen kèk chante espesyal, yo chante li. Men, se pat janm on bann bagay ki deplase. Epi mizik la toujou ap jwe. Lè sa a, lè m tandè sa, mwen konnen se te tan pa m pou m vini.

31 Lè yon minis rive devan yon kongregasyon moun k ap priye, epi lonksyon Lespri a la, ou gen asirans ke w ap resevwa kichòy ki sot nan Syèl la. Se tou senpleman sa. Pa gen okenn fason pou evite l. Men si ou antre nan konfizyon, lè sa a ou—ou... ou—ou sitèlman konfi, epi Lespri a atriste; e nou pa vle sa, non. Nou vle vini isit la pou adore. Nou gen bèl kay, ke mwen pral pale sou sa, jis nan yon minit, e latriye; lakay nou, kote nou vizite zanmi nou yo epi nou mennen yo. Sa se kay Seyè a.

32 Kounye a, gen timoun piti, kounye a, ti bebe yo. Kounye a, yo pa konnen okenn diferans. Yomenm, sèl fason pou yo ka jwenn sa yo vle, se kriye pou li. E pafwa se yon anvè bwè dlo, epi pafwa yo bezwen atansyon. E alò, ak gras Bondye, nou dedye yon sal. Li te rele, sou lis la, yon “chanm kriye,” men li dwat dwat devan m lan. Se, nan lòt mo, kote manman yo ka mennen ti bebe yo.

33 Kounye a, li pa janm deranje m, petèt, isit la deyè chè a. Petèt m p ap menm remake l, lè m sou lonksyon. Men gen lòt moun ki chita tou pre, epi li deranje yo, ou wè, epi yo vin isit la pou tandè sèvis la. Alò, manman yo se...Ti bebe w kòmanse plenn; ou pa ka anpeche sa. Poukisa, sètènman, se yon...Ou ta dwe, ou dwe mennen l. Yon vrè manman vle mennen ti bebe li legliz, e se bagay sa a ou ta dwe fè.

34 Epi nou gen yon chanm la kote ou ka wè tout kwen nan bilding lan, tout oditoryòm lan; ak yon opalè la, kote ou ka kontwole volim nan nenpòt fason ou vle; ak yon—yon ti twalèt nan fen an, ak yon lavabo, ak tout bagay jis egzakteman pou konfò manman an. Avèk chèz ak bagay sa yo, ou ka chita; kote pou chanje tibebe w la, si li bezwen chanje, ak tout bagay ki chita la. Tout bagay byen ranje.

35 Epi, anpil fwa, timoun ki gen laj adolesan e pafwa granmoun, ap rive...Ou konnen, jèn moun yo ap pase nòt, oswa ap eseye ri, oswa yon lòt bagay, nan legliz la. Kounye a, ou ase gran pou w konnen mye ke sa. Ou wè? Ou ta dwe konnen mye ke sa. Ou wè? Ou pa ta dwe vini isit la...Si ou espere vin yon nonm reyèl yon jou, epi elve yon fanmi pou Wayòm Bondye, alò, kòmanse depi nan konmansman an, ou wè, epi—epi aji dwat epi fè sa ki dwat, e kounye a, natirèlman.

36 Kounye a, moun k ap kenbe lòd yo kanpe nan kwen bilding yo, elatriye. E si gen nenpòt move konpòtman, yo—yo òdone, kòm devwa yo, ak administrate yo ki chita isit la devan an, nan ka yon moun ta gen yon move konpòtman, yo te komisyone yo pou mande moun sa pou rete trankil.

37 Alò, si yo pa gen respè sa a, li ta pi bon pou yon lòt moun chita nan plas yo a, paske gen yon moun ki vle tande. Gen yon moun ki vini pou objektif sa, tande. E se pou sa nou isit la, se tande Pawòl Seyè a. E alò tout moun vle tande Li, epi yo vle li osi trankil ke yo kapab. Osi trankil ke yo kapab; sa se, pa yon pakèt pale anpil ak move konpòtman.

38 Natirèlman, yon moun ap adore Seyè a, se sa ke n ap atann. Se sa li ta dwe ye. Se pou sa ou isit la, se adore Seyè a. Jis si ou santi ou vle bay Bondye lwanj, oswa rele byen fò, jis al fè l, ou wè, paske se pou sa w isit la, ou wè, men, se adore Seyè a nan pwòp fason pa w pou adore. Men pa gen pèsoun k ap adore Seyè a pandan w ap pale ak ap pase nòt, epi w ap ede yon lòt moun soti nan adore Seyè a, ou wè, alò nou santi ke sa ta dwe mal. Epi nou vle fè sa yon desizyon nan legliz nou an, ke nan kongregasyon nou an, ke, nan bilding sa a, legliz sa a pral dedye a Wayòm Bondye a ak predikasyon Pawòl la. Lapriyè! Adorasyon! Se poutèt sa ou ta dwe vini isit la, pou adore, alò.

39 Epi yon lòt bagay, lè sèvis la fini, anjeneral moun ki nan legliz yo...Mwen pa—mwen pa panse ke se isit la, paske...Mwen toujou pati, ou wè, paske m ale.

40 Anjeneral, menm nan predikasyon lòt sèvis, onksyon an vini, epi vizyon rive. E mwen fatige, e mwen antre nan biwo a. E petèt Billy, oswa kèk nan mesye yo la, pran m mennen m lakay, epi kite m repoze yon ti tan, jouk mwen soti ladann, paske se yon pakèt kontrent.

41 Epi mwen wè legliz, malgre sa, kote yo pèmèt ti moun yo kouri toupatou nan sanktyè a, e—e granmoun yo kanpe nan sal la epi y ap rele youn lòt. Sa se yon bon fason pou ruine sèvis la k ap vini nan aswè a, oswa kèlkeswa lè li ye. Ou wè?

42 Osito ke sèvis la fini, kite oditoryòm lan. Ou fini, nan adorasyon an lè sa a. Alò soti deyò epi pale youn ak lòt, ak tou sa ou vle fè. Si ou gen yon bagay ou vle pale ak yon moun, pou—pou wè yo, ebyen, ale avèk yo, oswa lakay yo, oswa kèlkeswa sa li ye, men pa fè li nan oditoryòm lan. Ann dedye sa bay Bondye. Ou wè? Sa se plas reyinyon Li, kote nou rankontre avèk Li. Ou wè? E Lalwa konmanse depi nan sanktyè a, natirèlman. Epi mwen—mwen kwè ke sa ta fè Papa nou ki nan Syèl la plezi.

43 Epi lè w vini, epi ou dekouvri ke don sa yo kòmanse tonbe nan mitan ou...Kounye a, anjeneral li...mwen gen konfyans sa p ap janm pase isit la; men, lè moun yo gen yon nouvo legliz, premye bagay ou konnen, kongregasyon an vin fòmalis. Piga w janm vle sa rive. Apre tou, sa se yon kote pou adore. Sa se kay Seyè a. E si don esprityèl yo kòmanse vini nan mitan ou...

44 Mwen konprann, ke depi mwen te pati a, ke gen moun ki te demenaje vin bò isit la soti nan diferan pati nan peyi a, yo fè de sa lakay yo. Mwen rekonesan, rekonesan anvè Bondye, sa, mwen kwè ke...

45 Nan denmen maten, lè mwen te konsakre epi mwen te poze pyè angilè sa a, kòm yon jenn gason, mwen te priye pou li kanpe jouk li wè Vini Jezikri a. E lè m te fè sa, mwen te dwe dè milye de dola, epi la...Ou te ka pran yon ofrann nan yon kongregasyon gwosè sa a epi ou jwenn trant oswa karant santim, e obligasyon nou an te yon ti jan yon sansenkant, desan dola pa mwa. Kouman mwen te ka janm fè sa? E mwen te konnen ke mwen t ap travay, e mwen ta peye li. Mwen...Disèt ane pastoral san mwen pa pran yon sèl santim, men mwen bay tout bagay ke mwen te genyen, mwenmenm, sof vi pa m; ak tout sa ki antre nan ti bwat ki sou dèyè a, nan Wayòm Bondye a.

46 E moun yo te pwofetize e yo te predi ke nan yon ane, li t ap tounen yon garaj. Satan te eseye pran l nan men nou yon fwa nan yon defo, nan yon fwod nan yon pwosè. Gen yon nonm ki te deklare li blese pye l pandan ke li t ap travay sou li, epi li pat fè anyen sou sa, epi...e li te pouswiv e li te vle pran tabènak la. E pandan dè semèn mwen te kanpe nan pòs la. Men malgre tout enkonpreyansyon yo ak prediksyon yo, ak sa yo te di, li kanpe jodi a kòm youn nan pi bèl oditoryòm ak legliz ki pi rafine yo ki genyen nan Etazini yo. Se vre.

47 Pawòl Bondye vivan an soti depi isit la, ale atravè mond lan, ou wè, atravè mond lan; e li te toujou ap fè tou Li alantou glòb la, soti nan chak nasyon anba Syèl la, osi lwen ke nou

konnen, atravè mond lan ak toupatou. Se pou nou rekonesan pou sa. Se pou nou rann gras pou sa.

48 Epi kounyeya ke nou gen yon kote pou nou rete, yon twati anba tèt nou, yon bèl legliz pwòp pou nou chita, an nou dedye tèt nou tou frèch pou travay la, epi konsakre nou a Kris.

49 Epi Frè Neville, frè nòb nou an, vrè pastè, sèvitè Bondye vivan an. Osi lwen ke nonm sa a konnen Mesaj la, li kenbe avèk li, ak tout sa li genyen. Se vre. Li se yon moun ki dou. Li yon ti kras pè, oswa li pa pè; se pa sa m vle di. Men li konsa, sitèlman dou, li jis yon ti jan, pa renmen pale fò, ou konnen, tankou pou—pou di yon bagay ki ki sevè epi tranchan, oswa, “Chita,” oswa, “Rete trankil!” Mwen—mwen remake sa, epi mwen koute kasèt li yo.

50 Men sa rive konsa ke mwen ka fè l. Alò mwen—mwen...E mwen—mwen vle ou sonje pawòl mwen yo, ou wè. E tout sa anrejistre, ou wè. Tout bagay anrejistre. Epi, tanpri, kite chak dyak kanpe nan pòs devwa li, epi sonje ke ou anba yon komisyon Bondye, pou kenbe pòs sa a sakre. Ou wè? Chak administratè, menm bagay la. Pastè a dwe pote...

51 Se pa plas pastè a pou di sa. Se administratè yo ... oswa, M vle di dyak yo, paske yo se lapolis legliz la. Sa vle di, si jèn koup yo sot ou lòt kote epi ap soufle twonpèt, epi, ou konnen, ki jan yo abitye fè l, oswa yon bagay konsa, nan reyinyon yo, oswa soti la a. Epi manman an voye ti jenn fi l la bò isit la, epi l met deyò ak kèk jenn brigan, e pati avè l nan machin li, alòs ke manman l panse ke l nan legliz la, bagay konsa. Dyak la dwe veye sou sa. "swa ou vin isit la epi w chita la a, oswa m pral pran w nan machin mwen epi mennen w lakay bay manman w." Ou wè? Ou menm, ou dwe fè sa.

52 Sonje byen, lanmou se konn korije, gade, se toujou sa. Vrè Lanmou an se konn korije, kidonk ou dwe kapab konn itilize koreksyon an. Epi, manman yo, nou konnen kounye a ke gen yon kote pou ti moun ou yo kounye a. Oumenm ti moun yo ki konn mye ke sa kap kouri otou de bilding lan. Ou wè? Epi oumenm jèn adilt yo ki konn mye ke ap pale e mennen konvèsasyon nan oditoryòm lan. Ou wè? Pa fè sa. Se mal. Li pa fè Bondye plezi.

53 Jezi di: "Li ekri ke: Mezon mwen pral yon mezon pou adorasyon ak, lapriyè. Soti ... Li te rele mezon priyè a, pou tout nasyon yo!" Apre sa, yo tap achte ak vann, epi li te trese kòd e kouri dèyè yo soti nan tanp lan. Epi nou sètènman pa vle sa rive nan tanp sa a isit la. Konsa, ann dedikase lavi nou, legliz nou an, travay nou yo, sèvis nou yo, ak tout sa n genyen, pou wayòm Bondye a.

54 Bon, kounye a mwen vle li kèk Ekriti anvan nou fè priyè dedikas la. Epi-epi, apre sa, se jis yon rededikasyon, paske vrè dedikas la te fèt gen trant lane de sa. Koulye a, nan yon ... apre,

- apre sa kòm nou, nou li Ekriti sa a epi pale sou li pou kèk minit, M fè Bondye konfyans pou lage benediksyon l yo sou nou.

55 Epi kounye a, te gen yon lòt bagay M te pral di. Wi. Kote nou te konn gen anrejistrè yo, elatriye, nou te gen yon sal nòmal la a, kote moun ki vle fè anrejistreman. Gen koneksyon espesyal yo, ak tout bagay la, ki vin dirèkteman de mikwo prensipal la, anndan an. Gen espas, rad, tout bagay pou sèvis batèm.

56 Yon bagay apre sa, anpil moun te toujou santi yo mal pou mwen, anpil moun ki pat vrèman konnen ekriti a, osijè de mete yon kwa nan yon legliz. M sonje yon fwa yon bagay te pase la isit apwopo de sa. M te gen twa kwa, epi sa te reyèlman ebranle yon frè paske l te tande yon lòt denominasyon di ke yon kwa vle di Katolik.

57 Mwen vle ke kèk etidyan, oswa yon moun, oswa kèk kretyen ne de nouvo, pou di ke katolik te gen opsyon sou kwa a. Kwa Kris la pa reprezante Katolik. Sa reprezante Bondye, Wayòm nan. Koulye a, sen yo reprezante Katolisism. Nou kwè gen "yon sèl Medyatè ant Bondye e lòm, e se Kris." Men, Katolik yo kwè nan tout kalite medyatè, dè milye de fanm ak gason, e tout bagay sa yo; nenpòt bon Katolik, prèske, ki mouri, vin tounen yon entèsesè. Koulye a, Kwa Kris la reprezante Jezi Kris.

58 Èske w te konnen ke premye kretyen yo, dapre- ansyen istwa sou legliz primitiv la, yo te pote kwa sou do yo, nenpòt ki kote yo te ale a, pou fè konnen yo epi idantifye tèt yo kòm kretyen? Koulye a, Katolik yo reklame tèt yo ke se te yo menm. Natirèlman, yo reklame ke yo te premye, men legliz Katolik pa t menm òganize lè sa a. Ou wè? Men kretyen te chaje yon kwa sou ... Ou te tande moun ki di, " potè kwa ." Ou refere sa a Katolik?

59 Se vrè katolik la, legliz inivèsèl Sentespri a nan mond lan, se kòrèk. Nou se katolik. Nou se katolik orijinal la, katolik ki kwè nan Bib la. Ou wè? Yo se legliz la, Katolik, òganizasyon an. Nou lib de sa. Nou se kontinyasyon Doktrin apot yo. Nou se kontinyasyon batèm Sentespri a ak tout bagay ke Legliz la te pran pozisyon pou yo a, e legliz Katolik la pa gen okenn nan yo. Ou wè?

60 Kidonk, yo te mete kwa a la a, ke yo te pote, ke yo te koupe nan pye oliv ke Jezi te lapriyè anba l la. Sa se kwa sa a ki te pran plizyè lane, epi frè Arganbright te ban mwen an . Epi, M vle dedye l a legliz sa a.

61 Epi kòman sa apwopriye, pou ke, nenpòt kilès ka pandye l la a. Mwen pa konn kilès li te ye, ki pann li isit la — bò kote goch mwen. Li te padonnen vòlè ki te sou bò dwat li a; sa se mwen.

62 Epi yon lòt bagay ke l reprezante, pandan ke tèt li te bese, anmenm tan ke w wè soufrans li. Nenpòt moun ki ... kap gade sou lotèl la. Epi L ap tann ou isit la, pechè, epi l pral bese zye l yo sou ou. Pita yo pral gen yon ti limyè kap depoze isit la, pou lè yap fè apèl a lotèl, yon limyè pral klyote sou sa, Sa se lè gen moun isit la pou ...

63 Ou di: "Pouki w bezwen sa? Ou pa ta dwe gen yon imaj. "

64 Ebyen, alòs menm Bondye ki te di, "Pa fè pou oumenm okenn idòl taye," menm Bondye a te di, "fè de zanj cheriben yo epi pwente zèl yo ansanm, epi mete yo sou syèj mizerikòd la kote pèp la lapriye." Ou wè, se—se, pa chèche konprann. Ou wè?

65 Kidonk, sa a te enspire e dirèkteman akwoche nan vrè plas li. Epi, M tèlman rekonesan ke m se sila ki bò dwat la. M kwè ke Li te padonnen m, paske mwen menm, osi lwen ke vrèman vòlè yon bagay, m knnen, M pa janm te fè sa nan lavi m; men M tèlman mal itilize tan l jouk M ka di m te vòlè nan fason sa a. Epitou m te fè anpil bagay ke m pa ta dwe fè. E m rekonesan anvè Bondye, maten an, ke L padonnen peche m yo.

66 Bon koulye a M vle li nan Premye liv kwonik 17, epi jis pale pou apeprè senk minit sou sèvis dedikas la, priye, e apre, nou pral antre nan mesaj la. Kounye a, nan Premye liv kwonik, 17yèm chapit la. Apre sa li te rive ke, pandan ke David te chita nan Mezon an, li te di pwofèt Natan, gade non, M rete nan yon kay fèt ak bwa sèd, men lach Seyè a rete dèyè rido yo. Lè sa a Natan te di David konsa: -Fè tout sa w gen sou kè w pou fè. paske Bondye avè w. Epi, se te konsa, nan menm nwuit lan, pawòl Senyè a te vin a Natan, li te di: Al di David, sèvitè m nan ... Ale di David, sèvitè m nan, (pito), Ensi di Senyè: Ou pa pral bati yon mezon pou m rete: Paske M pa t rete nan yon mezon depi jou M te ramne pèp Izrayèl la jouk jòdi a; men M te ale de tant an tant, epi de yon tanp a yon lòt tanp. Alòs ke M te mache ak tout pèp Izrayèl la, eske m te di yon mo a youn nan jij Izrayèl yo, ke m te bay lòd pou nourri pèp mwen an, pou di yo, Poukisa w pa bati yon mezon pou mwen ...? Koulye a sepandan, ou pral di ... David, Ensi di Seyè lame yo, M te retire w nan patiraj mouton an, menm nan swiv mouton yo, pou te ka etabli w gouvènè sou pèp Izrayèl mwen an: Epi M te avèk ou tout kote w te deplase. , epi M te retranche ... lènmw yo devan w, epi M te fè w yon non tankou non ... nonm remakab yo ki sou tè a.

67 M ta renmen di, nan plas sa a, ke— ke David te wè menm bagay ke n te wè a. David te di, "Li pa jis pou nou menm te bati yon kay an bwa sèd pou mwen, epi lach alyans Bondye m nan toujou dèyè rido yo. Se te po ki te koud ansanm, po mouton ak bèt yo. Li te di, "Se pa jis pou m gen yon bèl kay, epi Lach alyans Bondye m nan rete nan yon tant." Kidonk, Bondye mete sou kè l pou bati yon tabènak.

68 Men, David, antan ke yon—yon moun ki gen lanmou, ki te konsakre a Bondye, poutan li te koule twòp san. Konsa li te di ... David, li tap pale de sa nan prezans pwofèt laj sa a, ki te Natan. Epi Natan ki te konnen ke Bondye te renmen David, li di: David, fè tou sa w gen sou kè w, paske Bondye avèk ou. Ala yon deklarasyon sa ye! "Fè tout sa w gen sou kè w, paske Bondye avè w." E nan menm lannwit lan ... ap montre konsekrasyon David pou amou Bondye a.

69 Epi apre pou wè, nan menm lannwit sa a, li te konnen ke l te nan erè, ke l pat gen pèmasyon pou l fè sa, Bondye te ase mizèròdye pou l desann pale ak Natan. E m, te toujou renmen pawòl sa yo, "Ale di Natan mwen ... Ale di David sèvitè m nan, ke, Mwen te retire l nan patiraj mouton an. "" Jis, li pa t anyen.

70 Apre sa, M-M ta renmen aplike sa isit la, jis yon minit. "M te pran w ak anyen, e M-M-M ba w yon non. Ou gen yon non tankou de nonm remakab ki sou tè a. " Epi m ta renmen aplike sa nan yon—yon konfidans, ankò nan yon-yon fason pou mennen yon pwen. M te panse ke ...

71 Kèk lane de sa, M te kanpe anba la vil la, e pèsoun pa t pòte atansyon a mwen. Pèsoun pa t renmen m. E mwen menm M te renmen moun yo, men pèsoun pa t renmen m, akòz de antesedan nan fanmi an. M pa gen okenn mepri pou presye manman m ak papa m.

72 Kouman M ta swete ke manman m te ka viv pou antre nan Tanp sa a, maten an. Anpil nan ansyen yo ki te met lajan yo pou ede bati li isit la, petèt Bondye, maten an, va pèmèt yo gade pa anba ranp lan.

73 Men lafami Branham pa t gen yon trè bon non bò isit la, paske yo te konn bwè. Okenn moun pa t gen anyen pou wè avè m. Epi m M sonje te di madanm mwen sa pa gen lontan, jis sonje ke M-M pa t kab jwenn yon moun pou m pale. Pèsòn pa t okipe m. E koulè M dwe kache, pou m ka gen yon ti repo.

74 Epi kounyeya, Seyè a ban nou gwo plas sa a, ak — ak pakèt bagay sa yo kel te fè. Epi Li ban mwen yon ... Anplis de yon — yon move non, Li ban mwen yon non tankou kèk nan gran mesye yo. Apre sa, li te retranche lènmi m 'yo tout kote m te ale. Pa janm te gen anyen kanpe anfas li, tout kote l te ale. Men, e kijan M rekonesan pou sa.

75 Epi ki jan mwen ta janm konnen ; antan ke yon ti jenn gason an ranyon isit la, a de oswa twa blòk isit la, nan lekòl Ingramville la , lè yo te konn pase m nan rizib lekòl la, akòz ke m te toujou an ranyon, epi glise ak paten sou vye letan an? Kouman m ta janm konnen ke anba nan fon letan te ge gen grenn semans flè lis ki ta ka fleri konsa? E ki jan te janm konnen ke, pèsoun pa pale avè m, e deja Li tap ban m yon non ki ta dwe onore pami pèp li a?

76 Bon, koulye a, David pa t gen pèmisyon pou l bati tanp lan. Li pa t kapab fè l. Men, Li te di, "M pral sisite nan semans ou, epi li pral bati tanp lan, epi tanp sa a pral yon tanp etènèl. Epi sou pitit gason w lan, pitit David la, pral gen yon wayòm etènèl; li pral kontwole. " Salomon, pitit gason David la nan le natirèl, vin de fòs natirèl li, bati yon mezon pou Seyè a, yon tanp.

77 Men, lè vrè Semans David la vini, Fis David la, Li te di yo pral rive yon lè pa pral gen yon wòch ki rete sou lòt la, nan tanp sa a. Men, Li te eseye atire yo vè yon lòt tanp.

78 Jan, revelatè a , nan Liv Revelasyon an, li te wè Tabènak sa a. Revelasyon 21, li te wè, "Nouvo tanp lan ap vini, ap desann soti nan syèl la, dekore tankou yon lamarye te dekore pou mari l. Epi yon vwa ki soti nan tanp lan te di, 'Men ni, Tabènak Bondye a avèk lòm, epi Bondye pral avèk yo, epi yo pral siye tout dlo nan je yo. Epi p ap gen grangou ankò, p ap gen lapenn ankò, p ap gen doulè ni lanmò ankò; paske ansyen bagay yo te pase. '"

79 Apre sa vrè Fis David la, jan nou pral wè nan leson sa yo k ap vini nan semèn sa a, pral vin nan tanp li a, Tanp Bondye a, vrè tabènak kel te al konstwi kounye a. Paske, Li te di, nan Jan 14, "Nan wayòm Papa m gen anpil bitasyon, epi m prale ..." Kisa li te vle di pa la? Li deja predestine. "Epi m pral prepare yon plas pou ou, epi m pral retounen, pou pran w avèm '." Epi, sètènman, nou konnen ke se pral nan gwo laj kap vini an. Epi vrè Semans David la pral pran Twon la, ki se Jezikri, epi pral reye sou Legliz la, tankou lamarye l, nan Mezon an avè l, epi sou douz tribi pèp Izrayèl la, pou tout letènite.

80 Epi ti plas sa yo; kòm David, pa t kapab bati vrè Tabènak Bondye a, paske li pa t pare pou fè l. Pa t gen anyen l te kab fè. Li te yon mòtèl, e li te fè san koule. Se menm jan l ye jodi a, pou noumenm, nou pa prepare pou konstwi vrè Tabènak Bondye a. Gen yon sèl ki ka fè sa, epi li an konstriksyon kounye a.

81 Men ti tabènak sa a, ansanm ak tanp Salomon te bati pou li a, ansanm ak lòt yo, se sèlman kote pou adore tanporèman jiskaske lè a rive kan vrè Tabènak la pral tabli sou tè a. "Epi lajistis pral reye de syèl an syèl. Epi pap gen lapenn ankò. " Pa pral gen okenn antèman pou preche nan Tabènak sa a. Pa pral gen maryaj ankò, paske maryaj la pral yon sèl gran maryaj pou letènite. Ala yon tan sa pral ye!

82 Men se pou n gen pou objektif nan kè nou, jodi a, ke an komemorasyon e pandan nap tann Tabènak kap vini an, ki pral tèlman karakterize nou pa Lespri li, ke nou pral adore nan plas isit la tankou si nou te nan lòt Plas la a, ap tann pou Plas kap vini an.

83 Koulye a, ann kanpe sou pye nou, epi pandan ke m ap li Sent Ekriti yo. Apre sa, mwen te wè yon nouvo syèl ak yon nouvo tè: paske premye syèl la ak premye tè a te pase. e pa t gen lanmè ankò. ... Mwen Jan te wè vil sakre a, nouvo Jerizalèm nan, ki t'ap desann soti kot

Bondye nan syèl la, pare tankou yon lamarye ki te dekore pou mari li. Epi m tande ... vwa ki soti nan syèl la ki di, Men ni, Tabènak Bondye a avèk lèzòm, epi li pral abite avèk yo, y ap vin pèp li, e Bondye li menm ap avèk yo, epi yap ak Bondye. An nou bese tèt nou kounye a.

84 Papa nou ki nan Syèl la, nou kanpe nan la krent. Nou kanpe nan respè e nan yon Sen reverans. Epi nou mande w, Seyè, pou aksepte kado nou an, ke w te ban nou favè, lajan, pou prepare yon kote pou adore w. Pa gen anyen, oswa okenn kote ke nou ta ka prepare sou tè a, ki ta merite pou — Lespri Bondye a abite ladann. Men nou ofri sa a oumenm kòm yon siy lanmou nou ak santiman nou anvè w, Granmèt. Epi nou di w mèsè pou tout bagay sa yo ke w te fè pou nou.

85 Epi, koulye a, bilding lan ak teren yo te dedye lontan deja, pou sèvis la, epi nou di w mèsè pou souvni de sak te fèt. Epi koulye a, Seyè Bondye, alòs ke yon vizyon te parèt, dè zane de sa, ki te eksprime sa, ke m te wè yon vye bilding ke moun yo te otrefwa ladann, epi yo te repare l epi mete l a nèt, epi yo te retounen m lòt bò larivyè a.

86 Kounye a, Seyè Bondye, Kreyatè syèl la ak tè a, nou kanpe tankou moun nan twoupo w la. Nou kanpe tankou —moun ki nan wayòm ou an. Epi avèk mwen menm, ak pastè a, ak legliz la, pèp la, nou dedye bilding sa a nan sèvis Bondye ki gen tout pouvwa a, atravè Non Jezikri, Pitit li a, pou sèvis Bondye, epi pou reverans ak respè Bondye a. . Epi se pou Levanjil la koule tèlman nan plas sa a jouk Li pral lakòz mond lan soti nan kat kwen nan glòb la, pou wè Laglwa Bondye ap soti de li. Kòm ou te fè nan pase a, pèmèt ke lavni anpil fwa pi gran.

87 Papa, kounye a nou dedye tèt nou pou sèvis la, atravè Pawòl la, ak tout sa ki nan nou. Seyè, asanble a ak pèp la, yo dedye tèt yo, maten an, pou tande Pawòl la. Epi nou menm, antan ke predikatè, nou dedye tèt nou, "Pou predikasyon Pawòl la; yo dwe enstantane nan sezon, an deyò sezon; reprouve, reprimande ak tout pasyans. " tankou l ekri la a nan fondasyon a, trant lane de sa. Ou te di, "Lè a t ap rive kote moun pa t ap andire bon Doktrin, men yo t ap anpile anseyan yo menm, yo te gen zòrèy yo kap grate yo; epi te detoune yo de Verite a, pou istwa. " Granmèt, tandiske nou te eseye transmèt Pawòl la bay pèp la, ke nou ka enspire epi fòtifye nou avèk yon doub efò. Seyè, menm jan ak yon doub pòsyon Lespri Bondye a frape sou plas la, pèmèt pou Sentespri a ...

88 Menm jan sa te ye nan jou dedikas tanp lan, lè Salomon te priye a; Sentespri a, sou fòm pilye dife ak nwaj la, te antre nan pòt devan an, li te anwoule toutotou zanj cheriben yo, te al bò kote Lye Sen an epi l te repoze l la. O Bondye! Salomon te di konsa, "Si pèp Ou a gen pwoblèm nenpòt ki kote, gade kote Lye Sen an epi lapriye, apre tande pale de syèl la.

89 Seyè, pèmèt ke Sentespri a, maten an, antre nan tout kè, chak nanm konsakre ki isit la. E Bib la di, ke, "Glwa Bondye a te tèlman ekstròdinè jouk predikatè yo pa t 'kapab menm preche, pou glwa Bondye a." O Seyè Bondye, kite l repete ankò pandan n ap bay tèt nou a Oumenm, ak legliz la, an dedikas pou sèvis la. Epi li te ekri, "Mande, epi w va resevwa."

90 Epi nou remèt tèt nou, avèk ofrann legliz nou an, maten an, a Oumenm, pou sèvis, pou Limyè dènne jou yo, pou Limyè aswè yo; pou nou ka pote konsolasyon ak lafwa bay moun k ap tann yo k ap tann Vini Lemarye a, pou yo abiye yon Lamarye nan Levanjil Kris la, pou ke Senyè Jezi a resevwa L. Nou dedye sa, mwen menm, Frè Neville, ak kongregasyon an, pou sèvis Bondye, nan non Jezikri. Amèn. Ou mèt chita.

91 David te di, "Mwen te kontan lè yo te di m , ' Ann al nan mezon Seyè a. '" Epi pèmèt pou sa toujou avèk nou, ke, lè yo mansyone l, nou pral kontan rasanble nan mezon Granmèt la. [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] Amèn.

92 Kounye a, apre ti sèvis dedikas la, M gen yon èdtan kounye a.

93 Epi, kounye a, jis sonje kounye a a kisa nou dedye a; respè, sentete, trankilite devan Senyè a, adorasyon devan Senyè a. Epi jis osi respektye ke w kapab nan mezon Senyè a. Epi, koulye a, lè sèvis la lage, imedyatman apre sèvis la lage, kite bilding lan. Ou wè? Epi sa ap bay konsyèj la tan pou vin isit la epi netwaye l pou pwochen fwa a, epi pou yo jwenn li tou pare. E apre se pa yon konfizyon nan mezon Seyè a. Epi ...? ... M panse ke ou ... plas pral libere nan apeprè kenz minit apre sèvis la fini. Asire nou ke n gen bon jan. Bay tout moun lan men epi envite yo pou yo retounen ankò.

94 Epi — e nou espere gen, semèn kap vini sa a kounye a, youn nan sèvis ki pi solanèl ki te fèt nan tanp lan. Nou ap atann ni li. Koulye a, M-M ... pa janm reveye anvan ke yon bagay ... jouk yè swa, trè ta, èbonè nan maten, nan lapriye, mwen te kòmanse wè yon bagay. Konsa, mwen kwè ke sa a pral yon moman ekstraòdinè, ke mwen kwè ke l pral sa, si Seyè a ap ede nou. Bon, koulye a, lè m te di, "yon moman ekstraòdinè," kounye a, m pral pale sou yon bagay osijè de sa, maten an. Ou konnen, sa lòm rele "gran," nenpòt ki jan an se pa gran. Men, sa Bondye rele "gran", lòm rele l foli; e sa Bondye rele "foli", lòm rele l gran. Se konsa, ann kenbe sa nan tèt nou, ann peze chak Pawòl.

95 Kounye a, sèvis yo long. Yo pral pwolonje, paske se yon sèvis difisil, anpil ansèyman, konsekrasyon. Apre sa, mwen jis ...

96 Kote m rete a, moun yo jis ap eseye, epi yo vle fè m manje tout bagay, men m ... Te di, "Bon, ou te pèdi anpil pwa, Frè Branham, tout bagay." Men, m te toujou nan sèvis. M te dwe kite isit la Dimanch swa pwochen, pou m al nan yon lòt, prese prese, O Meksik. konsa, se jis

yon bagay difisil. Kidonk, men m jis ap eseye libere m de manje anpil, epi-epi pou m prepare tèt mwen.

97 Epi m kontan, maten an, pou m wè Frè Junior Jackson, ak — ak Frè Ruddell, ak — ak diferan predikatè yo, elatriye, bò isit la. Bondye beni nou tout.

98 Koulye a, m — m vle — pale avèk ou maten an sou yon sijè ke m gen kèk nòt ekri isit la. Epi m vle li an premye nan liv Ezayi, chapit 53. Koulye a, pandan w ap chache l, mwen ta renmen fè yon anons, oswa de.

99 Sèke, aswè a, mwen vle pale sou Liv sa a, fè yon pon ant dènye laj legliz la pou ouvèti So yo. Koulye a, gen yon gran fos la a.

100 Epi, anvan, lè m te tonbe sou laj legliz yo, M te pale la a tou sou swasanndis semèn Danyèl yo, kap swuiv imedyatman apre l, paske l lye avè l. Apre sa, m te di, "Koulye a, si se poum nan pran sèt So yo, Mwen pral oblije debarase m de swasanndis semèn Danyèl sa a, nan bi pou m lye yo nan So yo. "pou m kite yon sèl bagay louvri, e se te 5th chapit la, liv sèt-So a. Epi nou pral pran sa aswè a.

101 Nou vle eseye kòmanse bonè aswè a. Sak pase avè m ... Ou deja mansyone l, pa vre, kòmanse bonè? [Frè Neville di: "Wi." - Ed.] E si tout moun ka isit la sètè konsa? [Kongregasyon an di, "Amèn."] Dakò. Ann kòmanse sèvis regilye a sizè-trant, sèvis chan an, epi m pral isit la bò setè. E apre, pandan semèn nan nou pral kòmanse pa fèsa pi bonè. Epi-e nou, kounye a, nou vin ...

102 Pa gen pèsonn ki renmen chante menm jan ak kretyen yo. Nou renmen chante. Nou renmen bagay sa yo.

103 Men koulye a nou nan yon lòt bagay kounye a. Nou - nou nan Pawòl la, ou wè, kidonk – ann rete jis ak sa kounye a. Nou pral. Nou-nou nan ansèyman. Epi w ka reyalize ki kalite presyon ke sa ye sou mwen, ou wè, paske, si m anseye yon bagay ki mal, mwen pral gen pou reponn pou li. Ou wè? Konsa, M pa dwe pran sa nenpòt moun di. M dwe ...Sa dwe enspire. Epi mwen kwè ke sèt zanj yo, ki kenbe sèt tonè sa yo, ap pèmèt li. Ou wè?

104 Epi kounye a nan Ezayi, chapit 53 nan Ezayi, vèsè premye, oswa de. Mwen vle poze kesyon sa a.

105 Koulye a, sa pa gen rapò ak sèt So yo, ditou. Sa a se jis yon mesaj. Paske, m konnen ke m te gen dedikas la, e mwen pa t 'kapab ale nan sa paske m pa ta p gen tan. Men, m te panse, jis pou yon ti sèvis dedikas, ti sèvis komemorasyon pou legliz sa a, oswa ti sèvis dedikas sa a, pito, yo-yo ... pa ta alòs gen tan pou antre nan sa m vle di a, ou wè, sou ouvèti liv sa a, se

konsa m pral fè l aswè a. Epi koulye a sa a se jis yon ti sèvis, ke, li-li pral byen melanje avè l, antouka.

106 Alòs, kounye a, koute chak Pawòl. Byen sezi L. Epi-e si w ap pran li sou bann yo, oswa nenpòt bagay la, alòs, rete jis ak sa ke bann lan anseye a. Pa di anyen lòt men sa ke bann lan di a. Di jis ekzakteman ki sa bann la di. Ou wè? Koulye a, paske, kèk nan bagay sa yo, nou pral konprann anpil lòt bagay sou s kounye a, poukisa Li te mal konprann. Ou wè? Epi ou dwe sèten, jis di sa bann lan di. Pa di anyen lòt. Ou wè? Paske, m pa di sa de mwen menm. Se Li ki di l, ou wè. Epi tan de fwa, se konfizyon, moun yo leve, e di, "Bon, entèl entèl te di Li vle di sa-e-sa." Jis kite l jan l ye a.

107 Gade, se fason nou vle Bib la. Jis fason Bib la di L, se fason sa a nou vle L, jis-jis konsa. Pa mete pwòp entèpretasyon w a li. Li deja entèprete, ou wè. Koulye a, ki moun ki te kwè rapò nou an? ak kiyès bra Seyè a te revele?

108 Kite m li l ankò kounye a, ak anpil atansyon. Ki moun ki te kwè rapò nou an? (Kesyon!) Ak ki moun bra Seyè a te revele?

109 Pou byen di w, "Si ou te kwè rapò nou an, ebyen bra Seyè a te revele." Ou wè? Ki moun ki te kwè rapò nou an? E a kiyès bra Seyè a te revele?

110 Koulye a, m vle li nan Levanjil Sen Matye a, 11yèm chapit Sen Matye a tou. Epi, koulye a, ou pote papyè w ak bagay sa yo, paske nou toujou ap ... Si w pa gen yon anrejistre, ou-ou pote ... papyè w pou nou ka jwenn li. Onzyèm chapit Sen Matthew, 25yèm ak 26yèm, 11:26 ak 27. Dakò, Jezi ap pale, nan lapriyè. Mwen vle kòmanse yon ti kras dèyè sa a. Ann al nan 25yèm ak 26yèm vèsè yo. Mwen kwè ke se kote m te anonse, menm si, se pou sa ke m te make l la a nan Bib mwen an. Lè sa a, Jezi te reponn el te di: M remèsye w, O Papa, Mèt syèl la ak tè a, paske w kache tout bagay sa yo de moun saj yo ak moun pridan yo, epi w devwale yo bay ti bebe yo. Malgre sa, Papa, paske sa sanble bon nan zye w.

111 Sezi Ekriti sa yo. "Ki moun ki te kwè rapò nou an? E a kiyès bra Seyè a te revele?" "Menm lè sa a, Jezi te remèsye Bondye paske l te kache mistè yo pou moun ki saj yo ak moun ki pridan yo, e l t ap revele yo bay ti bebe ki ta aprann yo, paske sa ta sanble bon bondye pou l fè sa."

112 Koulye a, pati de tèks sa a, oswa, pou rele li, oswa nan lekti Ekriti sa a, m desinen tèks sa a: Bondye kache tèl li nan senplisite, epi revele tèl li nan menm bagay la. Koulye a, pou bann yo m kontinye ap repete san rete, pou bann yo, ou wè, paske yo ap-yo ap anrejistre yo. Ou wè? Bondye kache tèl li nan senplisite, epi, revele tèl li nan menm bagay la.

113 Se etranj pou panse kijan Bondye fè yon bagay konsa. Bondye pral kache tèt li nan yon bagay tèlman senp ki pral lakòz moun ki gen bon konprann yo manke l de yon milyon kilomèt; epi li pral fè yon demi tou, nan sa a, kèk bagay ki senp nan senplisite fason ke l travay, epi revele l la menm ankò. Mwen te panse ke te gen yon — yon tèks, pou nou ta ka etidye sa anvan nou antre nan — gwo — ansèyman sèt So yo. Anpil manke l nan fason l revele tèt li.

114 Kounye a, lèzòm gen pwòp lide yo sou sa Bondye dwe ye ak sa Bondye pral fè. Epi kòm mwen te fè vye deklarasyon sa a anpil fwa, ke, moun toujou ret moun. Lòm toujou ap fè lwanj Bondye pou sa l te fè, e l toujou ap tann sa l pral fè, epi l iyore sa lap fè. Ou wè? Ou wè? Se fason sa a yo rate l. Yo gade dèyè epi yo wè ki bagay ekstraòdinè l te fè, men yo manke wè ki senp bagay li te itilize, pou fè l. Ou wè? E apre sa, yo gade pi devan epi yo wè yon gwo bagay ap vini, ki pral rive, epi, nèt fwa sou dis, li deja pase la menm otou de yo. Epi li tèlman senp ke yo pa konnen l. Ou wè?

115 Yon jou, yon-yon nonm isit la nan Utica ... Men si kèk nan moun li yo isit la, mwen pa di sa a pou yon-yon ekspozisyon ekstrèm de nonm lan. Li te yon— yon veteran de gè sivil la. Epi M kwè ke l te ... M pa konn pou ki bò l te ye, men m kwè ke l te yon rebèl. Men, li-li te yon enfidèl, e l te deklare ke pa t gen yon tèl bagay ke bagay Bondye sa a. Li te rete Utica. Li te rele Jim Dorsey. Anpil nan nou moun ki la yo te ka konnen l.

116 Li te ban m anpil melon dlo, lè m te yon ti jenn bway. Li te konn kiltive melon dlo bò kot rivyè a, nan-nan bafon an la a. Bon li te vrèman yon bon zanmi papa m. Men li te di, yon jou a, youn nan bagay ki pi eksepsyonèl ke yo te janm di l, nan contrast. Ebyen m te jis yon ti jenn gason nan jou sa yo. Men, kontrèman ak kwayans li, sa te lakoz ke l te elwaye l epi koube tèt li e kriye. Kidonk, m te konprann ke, pa la, nonm lan te gloriyezman konvèti a Kris a katreven-senk lane anviron.

117 Li te mande yon ti fi, yon jou, ki te sot lekòl di Dimanch, poukisa li pèdi tan l ap fè yon bagay konsa? Li te di, paske l te kwè ke te gen yon Bondye. Epi Mesye Dorsey te di ke, li te di, "Pitit, ou tèlman gen tò, pou kwè nan yon bagay konsa."

118 Epi li di ke ti jenn ji a bese epi li ranmase yon — yon ti flè sou... a tè a, li rale l nan petal li yo, li di, "Mr. Dorsey, èske w ta ka di m ki jan fè ke sa a anvi ? "

119 Li te la a. Lè l te kòmanse fouye nan pase l, li te ka di timoun nan, "Bon, li grandi nan tè a." Epi alòs, kesyon yo ta ka revoye l nan kòmansman an "Ki kote tè a soti? Ki jan grenn sa te rive la? Ki jan sa te rive? " Apre, e apre, e apre, e apre, epi kontinye avanse e rekile jiskaske l wè l. Ou wè?

120 Se pa bagay ekspektakilè sa yo ke n panse sou yo a, men se bagay senp sa yo ke Bondye tèlman reyèl ladan yo, senplisite a. Konsa, li fè Bondye plezi pou revele tèt li, e apre kache tèt li; epi, kache tèt li, e revele tèt li, nan senp, ti bagay sa yo. Sa—sa depase panse nan tèt lòm. Paske, si w ta di, "Poukisa yon Bondye ki jis ta fè sa a?"

121 Se paske nonm sa a te fabrike, depi nan konmansman an, pou l pa eseye chanje tèt li. Yon nonm te fèt pou konte nèt sou Bondye. Se pou rezon sa a ke nou konpare ak ti ayo, oswa mouton. Yon mouton pa ka mennen tèt li; li dwe gen yon lidè. Epi Sentespri sipoze mennen nou. Kifè, lòm fèt fason sa a.

122 Epi Bondye te fè tout zèv li yo tèlman senp, pou ke moun senp yo te ka konprann li. Epi Bondye fè tèt li senp, ak sa ki senp la, pou yo ka konprann nan fason senp lan. Otreman, Li te di, nan Ezayi 35, M kwè. Li te di, "Menm yon moun fou, pa ta dwe twompe ladan l." Li tèlman senp!

123 Epi nou konnen ke Bondye tèlman gran, jiskaske nou espere li nan kèk bagay ki gran, epi nou manke bagay senp la. Nou bite sou senplisite a. Se konsa nou manke Bondye, se kan w bite sou senplisite a. Bondye tèlman senp jiskaske entelektyèl jodi nan jou sa yo, epi tout jou yo, manke l de yon milyon kilomèt. Paske, nan entelijans yo, yo konnen ke pa gen anyen tankou l, tèlman gran; men, nan revelasyon l lan, Li fè l tèlman senp ke yo ale konplètman anlè tèt li epi l manke l.

124 Koulye a, etidye sa a. Etidye l okonplè. Epi ou menm moun k ap vizite isit la, lè w al nan chanm motèl ou, pran bagay sa yo epi medite sou yo. Nou pa gen tan pou n ta dekonpoze l tankou n ta dwe fè sa, men mwen vle w fè l lè w rive nan motèl la, oswa otèl la, oswa tout kote w ap rete, oswa nan kay la. Rasanble nou ansanm epi etidye sa a.

125 Manke l pa fason ke l revele tèt li; paske l tèlman gran, e ankò, li kache tèt li nan senplisite, pou fè pi piti a konnen l. Ou wè? Pa eseye al kot sak gran an, paske l pase tout anlè li. Men, koute senplisite Bondye a, epi w va jwenn Bondye isit la nan fason ki senp lan.

126 Byen poli, sajès monden, edike, toujou manke l. Koulye a, m pa bò isit la ... E, m konnen gen de pwofesè lekòl, de oswa twa, ke m konnen, ki chita isit la la a. E m pa la pou kontredi lekòl ak edikasyon, epi eseye sipòte analfabetizasyon. M pa la pou sa. Men, sa l ye a, moun yo tèlman mete anpil sou sa jiskaske yo, menm nan seminè yo elatriye, yo manke bagay la menm ke Bondye te mete devan yo a.

127 Se poutèt sa mwen pa kont frè ki nan denominasyon yo, men mwen kont sistèm denominasyon yo, paske li ap eseye agrandi tèt li, epi — ak — epi edike paste li yo nan pwèn ke, jiskaske, si yo pa gen eskolarite ak edikasyon apwopriye, yo ranvwaye yo. Epi-e yo dwe

pase tès sikyatrik la, elatriye. M pa janm panse ke se ta volonte Bondye pou teste yon pastè pa mwayen sikyatri, men pou teste l pa Pawòl la. Ou wè? Se - se - se ta fason Bondye pou teste nonm ke l te voye a, pou gen Pawòl la.

128 "Preche Pawòl la!"Ebyen, jodi a nou preche filozofi, nou preche kredo ak denominasyon, ak anpil bagay, epi kite Pawòl la, paske yo di Li pa ka konprann. Li ka konprann. Li te pwomèt pou fè l. Koulye a, n ap mande l pou fè l.

129 Koulye a, nou pral pran kèk pèsonaj isit la pou kèk minit.

130 Ann remake nan tan Noe a. Nan jou Noe a, Bondye te wè sajès monden an tèlman aksantye e respektè, ke L te voye yon senp mesaj pa yon senp moun, pou montre yo grandè li.

131 Kounye a, nou konnen nan jou Noe yo, yo deklare ke yon sivilizasyon te tèlman pisan, jouk nou poko janm rive kote sa a, nan sivilizasyon modèn nou an. Epi m kwè ke l pral finalman atenn li, paske Seyè nou an te di, "Kòm li te ye nan jou Noe yo, se konsa li pral ye nan lè vini Fis de lòm nan." Li te bay kèk ilustrasyon.

132 E yo te bati piramid ak sphinx la an Ejipt, yo te bati dè bagay enòm ke nou pa gen okenn pwisans, jodi a, pou bati yo. Yo te gen yon--yon--yon fason pou anbonnen, ke yo te konn itilize pou anbonnen kò, pou fè l parèt tèlman natirèl ke sa rete ankò jouk jodi a. Nou paka fè sa. Nou paka prepare yon momi jodi a. Nou pa gen materyèl pou fè sa. Yo te gen dè koulè ki --ki te ka dire, pandan kat oswa senk mil an, sa jis rete menm koulè l te ye a ankò. Ou wè? Nou pa gen yon bagay konsa jodi a.

133 Epi anpil bagay ki vin de grann sivilizasyon sa pale de siperyorite yo sou sivilizasyon modèn nou an. Kifè ou ka imajine w apati de edikasyon ak syans, apati de si tèlman gwo siy ke yo te kite, ke te gen yon tèl sivilizasyon. Ala yon--ala yon gwo sivilizasyon sa dwe te ye, paske, souvni sa yo, jan syans sa ak--ak sivilizasyon modèn epi edikasyon te dwe--te dwe ye ak moun yo. "Sa te oblije. Li te oblije." Pat gen prèske okenn, okenn moun iletre ditou, m panse, pami yo.

134 E kidonk, Bondye, ki t ap chache pami gwo ekonomi tan sa, nan sistèm yo a, pat kapab, petèt, jwenn vrè nonm pa L la, jouk Li te jwenn youn ki iletre, petèt, yon kiltivatè ki te rele Noye, yon bèje. Li te ba l mesaj Li pou preche moun yo, ki te tèlman senp, parapò a--a nivo edikasyon yo nan tan sa, a yon pwèn tèl ke moun yo te kilbite sou senplisite mesaj la. E, poutan, mesaj la se te yon bagay ki te, "Radikal! pou lasyans. Kouman fè ta gen lapli nan syèl la, alòske pa gen dlo anwo a?" Ou wè? Se te yon mesaj senp pou--pou bati yon ach, konstwi yon bagay

pou antre ladan l, pandan ke pa gen okenn dlo pou fè l flote. Enben, li te vin yon fanatik. Li te vin yon--yon--yon--yon...kijan nou ta rele sa, ekskize ekspresyon modèn lan, yon “tip biza.”

135 Prèske tout moun Bondye yo, yo “biza,” ou wè. Se vre. Mwen kontan ke m se youn ladan yo. Kidonk, ou konnen, yo--yo diferan de--de tandans sivilizasyon modèn lan, kifè yo vin biza, etranj. Li di ke pèp Li se te “Yon pèp patikilye, biza, etranj; men yo se yon sasèdòs espiyèl, yon nasyon wayal, k ap ofri sakrifis espiyèl pou Bondye, sa k ap soti nan bouch yo, ap bay louwanj pou Non Li.” Ala yon--ala yon pèp! Yo se pa L.

136 E remake, kounye a, ala yon gran bagay sa dwe te ye nan tan sa, pou yon fanatik te vin legliz; yon fanatik, ap preche yon levanjil ki te konplètman a kote an aparans, dapre fason yo te kwè. E dapre syantifik yo, “Ebyen se te--se te senpleman foli.” Ala pwouve yo te ka pwouve dapre lasyans ke pat gen lapli la!

137 Men, senp bèje sa te kwè, “Si Bondye di va gen lapli, pral gen lapli.” Ou wè?

138 Kidonk jis konpare sa ak jodi a, konsènan yon moun ki te geri. Yo va di: “Se sèlman enpresyon. M ka pwouve w pa lasyans ke kansè a, oswa matyè a, ou--ou--ou bagay la ankò la.” Men, pou kwayan senp lan, li pati. Ou wè? Paske, li pap gade matyè, l ap gade pwomès la, Noye te fè menm bagay la.

139 Kifè èske w pa wè, “Jan l te ye lan tan Noye a, se konsa sa va ye nan jou Vini Fis de lòm lan”?

140 Dapre Lasyans, pèsonn...Doktè ka di, “Gade, ti boul ou a toujou la. Kansè a ret anplas. Men an toujou enfim jan l te konn toujou ye a. Ou fou.”

141 E, sonje, se menm espri nan tan Noye a, ki te di: “Pa gen okenn lapli anwo a la. Nou ka obsève lalin lan ak enstriman, pa gen okenn dlo la.” Men Bondye di va gen lapli la!

142 “Paske lafwa se sibstans bagay nou espere yo, se evidans bagay nou pa wè yo.” E lafwa jwenn plas final pou repoze l nan Pawòl Bondye a. Men kote li jwenn plas repo li. Nou konprann? /Kongregasyon an di: “Amèn.”--Editè a/ Plas repo Li se nan Pawòl Bondye a.

143 Se kote sa Noye te repoze l, “Se sa Bondye te di.” Se te fin eksplike. Bon si nou remake ankò, apre sa, kounye a, Noye, poutèt li te kwè sa, te yon fanatik.

144 E moun kounye yo ki kwè nan batèm Sentespri a. Bon, legliz di: “Moun sa yo se dè fanatik. Yo pa lòt bagay ke yon bann eksite, anpil emosyon, moun an mòd panik.” Men yo pa konn gran choz konsènan sa Pawòl Bondye a anseye. Se yon pwomès.

145 E, pou Noye, pe enpòt kantite sa yo di tankou, “Vye tonton an te pèdi lòlòj li; li te gen tò dapre lasyans; e--e--e, li te gen tò, mantalman.” Men, pou Noye, se te Pawòl Seyè a, e Noye te rete ak sa. E moun ki saj ak pridan yo te kilbite sou senplisite l, e yo te pèdi tout sa yo ye. Ala yon--yon--yon koreksyon kounye a, sa ye, pou jenerasyon sa!

146 Anpil moun di: “Si m t ap viv nan tan sa la!” Non, ou t ap gen menm atidid la. Paske, jodi a, nan repetisyon menm bagay la ankò jodi a, sèlman sou yon lòt fòm, yo kilbite sou Li jodi a menm jan yo te fèl anvan an.

147 Pa gen dout, nan jou sa yo, yo te gen anpil predikatè, men Bondye te enspire Noye. E noye te kapab gade deyò pou wè sa ki te sou pwèn rive, e li te konnen ke yon jenerasyon moun mechen adiltè, konsa, Bondye patap ka kite sa kanpe. Kidonk kisa nou ka fè, jodi a, sinon wè menm bagay la! Yon Sodòm e Gomò modèn, ou wè, moun mechen, adiltè, tèlman rafine nan zafè lekòl ke yo kilbite sou senplisite manifestasyon Bondye nan Èt Li e nan Pawòl Li, ap montre Pawòl Li.

148 Rosella, pa gen pèsoun nan mond lan, ke, oswa, pèsoun--pèsoun ki ka di ke--ke nou pat wè avèk nou Pawòl Bondye a menm ki te manifeste. Pwomès menm pou dènye jou yo, Limyè di swa menm ki te dwe briye, nou se yon pèp privejye ki wè sa. E, poutan, gwo zafè byen rafine nan mond lan, sa te kache pou yo. Jezi te di Bondye, Papa a, Li te di: “Sa te fè W plezi pou W te kache sa pou yo. Menm jan, Papa, Ou te kache l. Ke sila yo, avèk sajès yo...”

149 Ou wè, se sajès ki te fè balon an kòmanse ap woule nan labou peche, o kòmansman; paske Èv t ap chache sajès lè l te rankontre Satan, e Satan te bali l, ou wè. E sajès se kontrè ak Pawòl la. Yo pa mande nou pou nou gen sajès. Yo mande nou pou nou gen fwa nan sa ki te deja di. Kidonk, ou wè? Men, jodi a, gwo save yo rafine Sa yon tèl fason, epi prezante L la, yo mete pwòp entèpretasyon yo ladan L, yo toujou fè sa. Yo fè menm bagay la jodi a; se nan menm dimansyon an. Kounye a, moun yo, men...

150 Oubyen, konsa moun yo rate l, jis jan yo rate l ak jan yo fè l sè jou si. Menm bagay la. Yo fè menm bagay la. Paske, yo...rezon k fè yo manke l, se poutèt yo te twò entelijan pou kwè sa. Ou wè? Bon, mesaj la te tèlman senp, ke sa k entelijan an e entèlektyèl la te rate l pat ka wè l, paske li te twò senp. Ebyen, se sa ki fè grandè Bondye; paske, pandan L pi gran an, Li kapab rann Tèt Li senp.

151 Lèzòm jodi a, fè demonstrasyon ke yo vin de Bondye, yo gran e y ap eseye vin pi gran, e y ap di ke yo pi gran, epi, “Gwo Evèk, Doktè Sen Pap,” tout bagay, ap parèt yon bagay ke yo pa ye vrèman. E Bondye, pandan Li tèlman gran, desann Tèt Li pou L senp. Senplisite se grandè.

152 Nou ka konstwi yon djèt, nou ka lanse yon fize pou...ale...oswa mete yon--yon--yon misil an òbit. Nou kapab fè tout bagay sa yo, poutan, nou paka fè yon sèl branch zèb. En-en. Amèn. Sa w panse de sa? Men olye pou ap eseye retounen wè kisa k fè zèb sa, epi aksepte Bondye menm ki te kreye zèb la, n ap eseye konstwi yon misil ki pral rive la pi vit ke pa yon lòt. Ou wè?

153 Nou tèlman entèlijan e entèlektyèl, nan legliz nou yo, jouk nou ka bati yon bilding ki koute on milyon dola, oubyen di milyon dola, men, poutan, n ap eseye bati youn ki mye ke pa Metodis yo, oswa Batis yo bati youn ki mye ke Prezbiteryen yo, e Pannkotis yo antre nan kous rat la. Men bagay la sè ke; nou toujou sa, nou tèlman entèlijan e tèlman pyeje nan fason nou yo ke nou echwe pou nou imilye tèt nou pou nou pran konsyans de Bondye ki nan ti misyon ki nan kwen an. Ou wè? Se vre. Ebyen, se sa, nou kilbite sou senplisite. Yo toujou fè sa.

154 Bon, yo, yo te--yo te twò entèlijan pou yo te kwè yon mesaj senp konsa. Li pat rafine ase pou rechèch syantifik yo t ap fè. Li pat--li pat briyan ase, mesaj la pat ase, pou pwogram edikasyon yo te genyen nan tan sa. Ou wè? Yo te etidye pou yo te ka konnen ke te g on Bondye, e yo te etidye pou yo konnen ke Li te gran, e yo te eseye remonte pwòp tèt yo pou yo te ka gran avè L. Poutan, fason pou w monte se toujou lè w desann ou.

155 Bon, kilès ki konnen si Pol Nò a se Nò. oswa si Pol Sid la se Nò; oswa si Pol Nò a se Sid, Sid la vin Nò? Kilès ki anwo e kilès ki anba? Nou sispann dan lespas. Nou di: "Pol Nò a anwo." Kijan w fè konnen? Pol Sid la kapab se Nò. Ou wè, ou pa konnen. Kifè annou sonje, e Pawòl sa...

156 Ou di: "Kijan w fè di, ke 'Anwo se anba', Frè Branham?"

157 Sou baz Pawòl Jezikri! Li di: "Sila ki imilye tèt li yo va elve, men sa ki elve tèt li a yo va rabese l, desann anba." Kidonk, an reyalite, anwo se anba, e anba se anwo.

158 Tankou vye sen sa te di nan Chicago, ke...Yon nonm, yon sèten minis ki sot nan yon òganizasyon, te leve kanpe devan kèk Pannkotis. Li te gen tout bagay entèlektyèl li yo tout ansanm. Li te monte la e li t ap itilize dè mo ke Pannkotis yo pat konn anyen ladan yo, li te la, e li te reyalize ke sa pat fè afè pèp Pannkotis la. E li te monte la, avèk lestomak li byen gonfle, e se te "Sen Doktè *Entèl-entèl*," ou konnen, de tèl e tèl gwo lekòl la nan Chicago. E li te gade toutotou, e Pannkotis sa yo t ap gade youn lòt. Yo pat menm konnen de kisa li t ap pale a; li te tèlman enstwi, tèlman entèlijan, briyan. Yo pat konnen.

159 Se te yon bagay menm jan ak yon senatè, oswa yon nonm ki te fèk sot mennen yon kanpay pou l prezidan e ki te pèdi. Tuck Coots te di m sa. Lè m t ap preche nan fineray Manman Ford, epi m t ap pale konsènan rezirèksyon, garanti rezirèksyon, "Jis sèten menm

jan solèy la leve, konsa tou m ap resisite. Jis sèten menm jan zèb la mouri an Otòn, epi fèy la soti tonbe kite pyebwa, li retounen ankò. Kan tè a va kòrije trajektwa l otou de òbit la, li gen pou l resisite.”

160 Tuck te di: “M te apresye Mesaj sa, Billy.” Frè Neville avè m te chita ansanm nan machin lan. E m te reponn: “Tuck...” Li te di: “M apresye Mesaj ou yo.”

M te di: “Tuck, m pa gen okenn enstriksyon,” m te di sa.

Li te di: “Sa se bon kote konsènan sa.” Ou wè?

161 E, bon, li te di ke l t al wè...Ebyen, m kwè nonm lan te padonnen m, m pat vle di...Adlai Stevenson, ou konnen. E li te di ke li te ret tande l pandan kenz minit. Epi Mesye Stevenson se yon oratè tèlman briyan, se sa l te sipoze ye, ou konnen, jiskaskè Tuck te di...M kwè edikasyon l atenn nivo kolèj. Li di ke li te chita la epi li t al dòmi. E li di li t al dòmi, ap tande li, pandan kenz minit. Men li te di: “Ak yon edikasyon kolèj, m pat konprann sof kèk mo li te di; yo te tèlman rafine.” Li te di: “Ou pa janm wè m ap dòmi nan youn nan sèvis ou yo, se pa vre, Frè Branham?”

162 Kifè, ou wè, se senplisite L, jis senp, se la Bondye repoze L.

163 Bon, yo te--yo te twò entèlijan, nan jou sa, pou sezi siyifikasyon fason senp Bondye pou fè bagay yo. Sa pat rafine ase pou yo. Sa dwe rafine, Sa dwe byen klere fèt avèk kròm, osinon yo manke l. Bon, men, gran Jewova a te kache nan Pawòl Li. E Li te fè konnen Pwòp Tèt Li pou moun ki te kwè nan Pawòl Li a, L ap sove yo, e L ap akonpli mesaj senp lan. Mesaj senp Noye a, Bondye te akonpli l. Kounye a remake sa.

164 Bon, apre sa, ankò nan tan Moyiz, remake yon lòt moman delivrans.

165 Kan Bondye te jis sou pwèn fè yon bagay pou delivre pèp Li, Bondye te voye yon Mesaj bay moun yo. E, Sa tèlman senp, pandan nou pral ratrape nan ouvèti So yo. Sa se te bi mwen nan mennen premye mesaj sa. Pou n te ka, pou nou dekouvri ke ouvèti So sa yo tèlman senp, sa ki entèlijan an--an--an rate L, yon milyon kilomèt. Ou wè? M espere Bondye va wènn mwen pou Sa. Ou wè? Ou wè? Sa jis te pase anlè tèt yo. E se poutèt sa m te panse ke Mesaj sa, maten an, ta ka apropriye, pou poze yon fondasyon, sou senplisite Bondye, ou wè, jan Bondye kache Tèt Li nan senplisite.

166 Jis panse, yo ka dekonpoze atòm ak fè tout lòt bagay; men kan sa vin sou chanje vi, yo paka menm di ki kote sa soti. Yon senp branch zèb, poutan Bondye kache ladann. Yo ka lanse yon fize al sou lalin, e--e plase yon rada laba, oswa kèlkeswa lòt bagay la, poutan yo paka

eksplike lavi nan yon branch zèb. Se vre. Ou wè? Se paske sa paka eksplike. Sa tèlman senp, yo pase sou sa.

167 Bon remake Moyiz, nan tan Bondye ta pral delivre timoun Izrayèl yo, dapre Pawòl Li. Kisa L te fè, Li menm? Li te chwazi yon fanmi byen senp. Nou pa konn anyen de yo. Ou wè, jis “yon pitit Levi,” se tout sa ke nou konnen. Ou wè? Kidonk nou...ak madanm li. Jis youn byen òdinè, pwobableman youn--youn k ap foule labou, jan lemond te ka panse a, deyò a laba ap fè brik pou enmi an. Li te jis yon esklav òdinè an Izrayèl, men Bondye te chwazi fanmi sa pou opere delivrans lan; jis yon fanmi Jwif òdinè. Li pat janm ale pou l te pran wayote ak selebrite, oswa yon bagay, oubyen menm pou chwazi yon prèt. Li te pran yon fanmi ki komen, òdinè. Ou wè? Senplisite! Remake sa L te fè, apre sa, Li te sisite yon timoun, yon senp èt imen. Li pat janm...

168 Li te ka--Li te ka òdone solèy la, si L te vle, pou delivre yo. Li te ka òdone van an delivre yo. Li te ka òdone yon Anj delivre yo. O, alelouya! Bondye ka fè kèlkeswa sa L vle fè a.

“Ebyen, kijan w fè konn sa, Frè Branham?”

169 Bondye pap kite pwogram Li. Se rezon ki fè nou konn sa, jodi a, ke Sa dwe senp. Ou wè? Bon, Li toujou travay nan senplisite. Men Bondye, o kòmansman, ki te kapab fè solèy la preche Levanjil, oswa van an preche Levanjil, oswa yon Anj preche Levanjil, men Li te òdone lèzòm pou bi sa, e Li pat janm chanje l. Li pat janm òdone nan...Li pat janm òdone denominasyon. Li pat janm òdone yon gwoup dòm. Li òdone lèzòm pou preche Levanjil; pa machin, pa robo mekanik, pa aparèy teknoloji, oswa yon Èt Anjèlik. Se te lòn!

170 E lè Li te pote delivrans pou pèp la anba la, Li te voye yon senp èt imen, ki te ne de yon fanmi senp pami yon bann esklav. O, la la! Ala yon Bondye Li ye, ki ap devwale Tèt Li nan senplisite!

171 Kounye a remake. Li te pèmèt li sibi antrenman dapre sajès lemond, pou l te ka echwe, e ke se pa sajès ki ta pral janm delivre yo. Se pa lafwa ke nou delivre. Li te kite l antre pou resevwa yon tèl edikasyon jouk li te kapab anseye sajès Ejipsyen yo; li te tèlman entèlijan. Bondye te avèk senp fanmi sa ki pat kapab, petèt, menm ekri non yo. E Moyiz te pase pa pi gwo lekòl ki pi konsidere yo, ak yon tèl edikasyon, jiskaske li te kapab bay anseyan yo leson sajès. Li te kapab anseye lè jeni. Wi. E Bondye te kite l pase pa chemen sa pou L te ka demontre Tèt Li nan imilite, epi montre ke sajès pat gen anyen pou wè avèk sa. E Moyiz te pran yon echèk tèrib ak tout jeni l lan. Li te kite l pase pa chemen sa pou bi pa L la, pou li te ka echwe. E li te echwe, e li te tonbe.

172 Kidonk, pou montre ke, “Se pa pa pwisans, se pa pa pouvwa,” se pa pa sajès Ejip, se pa pa sajès lekòl nou yo, se pa pa kantite òganizasyon nou yo, se pa pa pwisans ansèyman siperyè nou yo, “men se pa Lespri Mwen, Bondye di.” Sajès li te disparèt e nan fen sa, lè l te rankontre Bondye nan bwison adan la. Li te retire soulye l e li te imilye tèt li nan imilite, e li te bliye tout sa ki gen rapò ak sajès li a.

173 Pou Bondye, te k ap pote delivrans, Li te oblije antrene l nan sajès, kite l echwe, pou montre ke ou pa kapab repoze w sou pwòp konpreyansyon w, oswa konpreyansyon nenpòt ki lòt moun lan. Li te kite l echwe, pou montre pwisans Li. Èske w ka sezi l? /Kongregasyon an di, “Amèn.”--Editè a/ Bi Bondye kifè l ap fè sa, se te pou fè demonstrasyon Tèt Li nan imilite. E Li te kite Moyiz vin sila ki pi gran, o pwen ke li ta pral--li ta pral vin pwochen farawon an. Li te yon jeneral pwisan. Dapre listwa, Moyiz li menm, li te konkeri, peyi nan anviwon yo. E alò lè li te tounen pou fè travay Seyè a, ak tout talan li yo, Bondye te kite l echwe plat, pou l te ka mete l la nan dezè a ap retire tout bagay sa yo nan li; e apre sa parèt devan l, nan imilite, epi voye l anba a avèk yon baton nan men l, pou delivre pèp la.

174 Alòske, li pat ka fè l ak antrenman militè, ak edikasyon, ak edikasyon syantifik. Li patap ka fè l ak fòs militè. Li te ba li yon vye baton kwochi li te jwenn nan dezè a, e Li te fè l avèk li. Bondye nan imilite, nan senplisite! Bondye te nan baton an epi nan Moyiz. E toutotan Moyiz te gen baton an, Bondye te ladan l, paske Bondye te nan Moyiz. Sèten.

175 Remake, “Se pa pa fòs, se pa pa--pa pwisans, men pa Lespri Mwen.” Men pa lafwa senp lan!

176 Moyiz te gen yon bon konpreyansyon ke se li ki te liberatè a, apati de ansèyman manman l. Li te antrene tèt li nan pwisans militè, pou l te fè sa, men sa te echwe. Ou wè? Li te gen konpreyansyon an, li te gen edikasyon an, men sa pat mache. Kidonk li te dwe bliye tou sa, pou vin a bagay senp tankou aksepte Bondye sou Pawòl Li, e alò li te delivre pèp la. Wi, mesye.

177 Bondye delivre pa (kisa?) lafwa nan Pawòl Li. Se te toujou konsa. Nou te ka fè yon koudèy si nou te gen tan. Nou gen apeprè ven kèk minit ankò. Nou te gen...

178 Nou te ka fè yon--yon koudèy sou Kayen ak Abèl, jan ke--ke Kayen te eseye fè Bondye plezi ak kèk bèl bagay.

179 Yon lòt fason, moun panse, “Ak--ak gwo, kongregasyon byen dekore, ak yon prèt avèk--avèk...minis ki pote wòb, epi koral ki abiye ak wòb, ak tout--tout aparans sa yo, pou fè Bondye plezi.” Èske w ka wè ki kote sa sot? Kayen te eseye menm bagay la. E li te bati yon lotèl pou li, pa gen dout ke li te fè l byen bèl.

180 E nonm lan te sinsè. Li te adore. Li te panse, “Toutotan mwen sinsè, sa pa fè okenn diferans.” Sa fè yon diferans. Ou kapab nan erè avèk senserite.

181 Remake, li--li te bati lotèl sa epi li, te ensiste, mete flè pou byen fikse sa, e li te mete bèl fwi, e li te panse, “Se sèten, yon gran bèl Bondye, sen, pi, ap aksepte sakrifis sa.” Men, ou wè, li te fè sa ak pwòp sajès pa l. Li te fè sa ak pwòp panse pa l.

182 E se sa li ye jodi a. Li--li...Yo fè li ak pwòp sajès pa yo, ak diplòm yo, ak edikasyon yo epi etik yo te aprann.

183 “Men Abèl, pa yon revelasyon, pa lafwa, te ofri Bondye yon sakrifis pi ekselan.” Pa gen anyen byen pwòp konsènan sa, si w ap konsidere aparans, imènman palan. Li te pran ti bèt la, li te ponyen l nan kou l e li te tache l ak yon branch viy, konsa, e li te trennen l sou lotèl sa. Pat gen anyen byen bèl konsènan sa. Li te blayi l sou lotèl la, e li te tranche ti gòj li ak yon--yon wòch file, jiskaskè san l te vòltije sou tout kò l, e li ki t ap fè bè, ki t ap mouri. Se te yon dechè tèrib, ou wè, pou ap gade. Sa te senp, poutan.

184 Nan senplisite, li te konnen li te ne de san manman l ak papa l, li te ne de san manman l, ak san papa l; e se san ki te koz chit la, kifè se te san ki te ka fè sa retounen anplas. “Kidonk li te ofri Bondye yon sakritis pi ekselan, paske sa te revele a li menm.”

185 E kèk frè, jodi a, ki panse yo te manje pòm ak pwar! Mwen te wè bagay ki pi radikal lòt jou, sou jounal. Yo di: “Aprè yo te pwouve ke se pat yon pòm ke--ke Èv te manje.” Se te, mwen--mwen kwè yo pretann, “Se te yon abriko.” Kifè, o, ou wè ki kote ke espri sa soti!

186 E yo te di, ke, “Moyiz pat janm vrèman travèse Lanmè Wouj la. Se te, se te yon--yon bann lyann wozo anba la, yon lanmè wozo. E li te mennen timoun Izrayèl yo atravè lanmè wozo a. depi anwo jouk nan fen lan--lanmè a, te gen yon pakèt bann wozo anwo a la. E Moyiz te travèse lanmè a, men se te yon lanmè wozo ke l te travèse a; ou konnen, zèb, byen wo, tankou tij ak bagay konsa, ke li te pase atravè yo la.” Ala sa ridikil!

187 Poutan se, “Dlo,” Bib la di, ki “te kouvri de yon kote a yon lòt, e Bondye te koz yon--yon van pwisan ki sot nan lès separe l.” Ou wè? Ou wè?

188 Yo, yo vle eseye prezante l nan pwòp fason pa yo. E se konsa yo toujou echwe a, e y ap kontinye echwe. Ou konnen, tout bagay sa yo!

189 E Kayen se te tip menm de nonm ak panse chanèl jodi a, ki relijye a leksteryè. Li vle fè yon bagay vizib, men li se yon...L ap mache legliz, e--e li va fè anpil bagay pou--pou bilding lan.

Gen yon sèl inik Legliz, e ou pa vin manm de Sa.

190 Bagay sa yo se lòj. Ou wè? Ou vin manm lòj Metodis, lòj Batis, lòj Prezbiteryen, lòj Pannkotis.

Men ou ne nan Legliz la. Wi, mesye. Ou wè?

191 Yo tout se lòj. Yo pa legliz. Yo se lòj. Epi sa pa egziste yon “legliz” Metodis, oswa “legliz” Pannkotis. Non, sa pa egziste. Non, yo tout fo. Ou wè? Gen...Se vre. Yo, yo se lòj kote moun vin manm.

192 Men ou ne nan Legliz Bondye vivan an, e se Kò mistik Jezikri ki ap fòme.

193 Bon, men, sa te fè Bondye plezi pou L te revele sekre Li bay Abèl, pa senp fwa nan san vèsè a. O, m swete m te gen tan pou m ta etann mwen on tijan pi long. Ou wè?

194 Malgre sa, Kayen, ak tout sajès li, nonm entèlijan sa! “O,” ou di: “bon, Frè Branham, ou di li...W ap eseye prezante l kòm yon jeni byen enstwi?” Li te sa. Li te entèlijan...Swiv--swiv tras li. Gade timoun li yo. Yo chak ladan yo se te dè savan, dè doktè, moun entèlijan, yo chak.

195 Men, si w swiv desandan Sèt yo, yo te enb, se te dè peyizan, dè kiltivatè elatriye, ap desann jouk nan destriksyon an.

196 Men pitit Kayen yo te entèlijan, se gwoup entèlektyèl yo. Yo te ka menm, se sa yo rapòte, tranfòme kwiv, e yo te konn travay metal yo; epi yo te konn bati kay. Yo te dèzòm entèlijan.

197 Alòske--alòske, lòt moun yo te jis rete anba tant, te konn gade mouton pa yo, epi te konn repoze yo sou pwomès Bondye yo. Ou wè? Ou wè? Ou wè sa sa te ye? Bon jis swiv jeneyaloji yo ap desann ale, pou wè si se pa vre. Ou wè? Yo te repoze yo sou pwomès Bondye.

198 Se konsa Noye te chwazi, pami jan de moun sa yo. Se konsa yo te retire Pòl nan mitan twoupo l. Ou wè? Se konsa pou, John Wesley, Martin Luther e ki lòt ankò. Se konsa ou te vin sa w ye jodi a, ou wè, menm bagay la, enb, pou kwè senp pwomès Bondye a.

199 Bon, remake, sa te fè Bondye plezi pou--pou idantifye L. Kounye a, Bondye va toujou konfime si se Verite ou pa. Ou wè? Bon, anpil moun ap eseye foute tèt yo nan yon bagay ke Bondye kenbe a on milyon kilomèt de distans. Se vre. Men kan w wè Bondye retounen nan antouraj la, di Se...apiye L, di: “Se jis, Se kòrèk, Se jis,” alò ou konnen Se vre.

200 Bon, lè ofrann lan te sou lotèl la, Bondye te refize konsepsyon entèlektyèl li gen de Bondye a. Men lè L te wè Abèl, ak fwa senp pou kwè ke se pat pòm oubyen fwi nan chan, men se te

san; ak lafwa li te kwè sa, ak yon revelasyon ki te vin de Bondye. Bondye te konfime Adan kan L te aksepte sakrifis li a. Ou wè?

201 Se la ke nou panse ke priye pou malad, ak nenpòt lòt bagay la. Jezi di: “Si w rete nan Mwen, e ke Pawòl Mwen nan ou, jis mande sa w vle e sa va akòde a ou menm.”

202 Bon pandan nou jis ap desann, rapidman kounye a, nou gen ven minit de plis.

203 Remake, nan tan Eli, Bondye te chwazi pou kache Tèt Li nan yon moun senp. Bon jis panse a sa. Bondye te chwazi. Se te chwa Li. Sonje, yo te gen dè raben, dè prèt. Yo te gen de granzòm nan jou sa yo. Menm Wa Akab limenm, se te yon Jwif. Li te gen de granzòm nan peyi a, nan jou sa. Men Bondye te kache Tèt Li nan yon senp òm; pa yon gwo save; non, pa yon nonm ak repitasyon mondyal, yon gran jeni militè oswa yon bagay konsa; non, pa yon gwo non. Nou pa menm konn kimoun papa l ak manman l te ye. Nou pa konn anyen sou jeneyaloji l. Jis yon senp vye kiltivatè kèk kote, ki te elve pou l te yon pwofèt. Bondye te fè l viv poukont li nan dezè a. Sèl bagay nou konnen, li te bondi rive soti de ankenn kote, te jis mache pou l te kondane tout sistèm eklezyastik la an antye. O la!

204 E ou konn kisa yo te panse de li? “Nan ki lekòl li te soti?” Ou wè? “Ak ki denominasyon li afilye? Èske l avèk Farizyen yo, Sadiseyen yo,” oswa lòt sa yo te genyen yo? Li pat fè pati de youn nan yo, men li te kondane yo tout nèt. Ou wè? Bondye te chwazi fè sa.

205 Men, ak yon nonm senp, san enstriksyon. Nou pa gen okenn kote li te al lekòl. Nou pa gen anyen ki konsène l. Jis yon nonm senp, men sa te fè Bondye plezi pou l kache nan moun senp sa. Bondye ankò la, ak nonm senp sa, Li t ap kache nan yon èt imen. Èske w ka sezi sa? /Kongregasyon an di: “Amèn”.--Editè a/

206 Bondye ki te kache nan yon “vrè iletre” pou mond lan. Paske, ou konnen, yo--yo te akize l de tout bagay, menm ke l te yon “sòsyè,” Eli. Tout pwofèt yo te akize, de sa, ou wè.

207 Kifè, Jezi te akize de sa tou, ou wè, “Bèlzebil; moun fou.” Yo te di: “Enben, ou fou. Ya, nou konnen ou gen yon demon. Ou--ou pèdi tèt ou.” Ou wè?

208 Se lè sa Li te di yo, “Kan Li va vini nan dènye jou yo, ke yo bla-...ke sa va yon blasfèm, pou fè yon tèl bagay.” Li te padonnen yo, men sa pap padonnen nan dènye jou yo. Ou va gen pou peye poutèt Sa, avèk separasyon Etènèl, “Pap janm padonnen, ni lan mond sa ni lan mond k ap vini an.”

209 Men Eli te konsidere kòm yon nonm fou. Èske w ka imajine w kanpe anwo a pou...Fanm-fanm yo ak tout cheve koupe yo tankou lan tan modèn lan, m kwè, ak penti sou yo tankou Jezabèl, premyè dam peyi a. E--e predikatè yo tout pati nan mondanite ak tout bagay konsa.

E apre sa kisa k te rive? Alò men vye Eli ki te soti, ap kondane tout bagay la, ap desann depi Jezabèl jouk anba.

210 “Ebyen,” yo te panse, “nou pa oblije tande w! Nou gen dè pastè.”

211 Sèten, yo pat oblije, men li te pastè yo de tout fason. Li te pastè Jezabèl. Li pat vle sa. Li te gen yon lòt diferan sòt petèt. Men, men, sila Bondye te voye a, se sa l te ye. Ou wè? Li te pastè Bondye te voye a pou li. Li te rayi l, men li te pastè l kanmenm. Remake.

212 E Eli te imiliye tèt li pou l te rete ak sa Bondye te di, a on pwen tèl ke, sa te fè Bondye plezi pou l te pran menm Espri sa de Eli epi pwomèt pou voye l twa fwa desann sou wout la depi lè sa. Ou wè? Amèn. E Li te fè sa. Amèn. Sèten. Li te fè l. Sèten. Li te pwomèt Sa, ke Sa t ap vini. E Sa te vin sou Elize, siksesè li; apre sa sou Jan Batis; e, dapre Malachi 4, Sa sipoze la ankò nan dènye jou yo. Ou wè?

213 Bondye te renmen Espri sa ki te sou bichwon senp, san edikasyon sa laba kèkpa nan bwa. E, konsa, Li te tèlman an obeyisans ak Pawòl Li, ke Li te kapab di: “Eli, fè si,” e Eli te fè l. E Bondye te kache Tèt Li anndan la, nan yon tèl senplisite!

214 Yo tout te di l: “Vye moun fou sa, pa annafè avè l ditou,” elatriye.

215 Men yon jou, kan li--li te vin vye, epi tèt li te chòv, e--e bab li t ap pandye desann, grizonnen, epi kèk cheve li te genyen yo t ap pandye desann sou zèpòl li; vyep ti ponyèt li tou mèt, ak chè a prèske detache de yo konsa; li t ap mache desann nan lari a pral an Samari; ak zye sa yo ap gade anwo nan syèl la, ak yon baton kwochi nan men l. Li pat trè atreyan pou gade, men li te gen “ENSI DI LE SEYÈ” pou tan l lan. Li pat plezante ak Sa. Li pat begeye. Li pat di, “Bon, gran Akab.” Li te mache drèt pou di: “Pa menm yon ti lawouze pap tonbe sot nan syèl la pazavan m pa mande sa.” Alelouya! Ou wè? Bondye te onore senplisite li.

216 Bon, ou wè, pandan ke se te nan fason senp, tout moun--tout moun te kont li, tout moun te nan gòj li. Tout asosyasyon minis yo, tout lòt bagay yo, te nan gòj li, se vre, yo t ap eseye debarase yo de li ak tout lòt bagay. Men, nan senplisite sa, menm si yo pap kolabore nan kanpay li a e nan tout lòt sa l te genyen. Tout moun te panse li te fou. Bondye t ap kache Tèt Li.

217 Men kan moman te rive pou semans sa te mi, semans ki te plante a, Bondye te manifeste l Limenm ak Dife l te voye sot nan Syèl la pou boule sakrifis la. Bondye k ap kache nan senplisite, e apre sa k ap revele Tèt Li ankò. Ou wè? Sèten. Sa te fè Bondye plezi pou fè sa. Li toujou fè l yon tèl fason. Wi, mesye. Kounye a, nou jwenn ke Li--Li te pwomèt bagay sa yo.

218 Pwoblèm lan sè ke, jodi a, avèk tèlman lan nou moun yo, ki vle vin tèlman, ou konnen, tèlman dapre seminè, ak denominasyon, byen enstwi, ke Bondye paka itilize nou. Bondye ka demare ak yon nonm pou fè yon bagay, li ba l yon ministè; premye bagay ou aprann, li pral baze sou sa lòt yo di, e, premye bagay ou aprann, li va tout antòtiye nan bann gwo bagay. E alò Bondye jis retire men l sou li, e Li kite l trankil. Ou wè? Ou wè?

219 Apre sa Li va eseye jwenn yon lòt moun, yon moun ki va fè l. Ou wè? Li oblije jwenn yon bagay ki va--ki va resevwa Pawòl Li, ki va aksepte revelasyon Divin e ki pap chanje avè l, ki va rete drèt la sou Pawòl sa. Se fason sa Li--Li fè l. Li toujou fè l fason sa.

220 Kifè kan lòm vin tèlman edike e entèlijan, ke l ap eseye mete pwòp entèpretasyon l. Ebyen, jan yo di a, “batèm Sentespri a,” yo va di: “o, se te pou yon lòt epòk.” Men, si se pa sa yo fè, se ebyen, “Se pat pou yon lòt epòk, men, kite m di w, Sa pa vini jis tankou Sa te fèt jou Pannkot la. Nou resevwa Sentespri a kan nou kwè.” Epi--epi tout sòt de bagay konsa, ou wè. Pale konsènan batèm lan Non Jezikri, yo...kote Bib la anseye l fason sa; ebyen, ou va di: “Ebyen, men seminè a di! Epi Entèl-entèl di!” Sa rele fè konpwomi. Ou wè? Bondye paka itilize yon moun konsa. Ou wè?

221 Li ka pèmèt yo bat yon nonm toupatou atravè peyi a tankou sa, nonm lan rejte epi yo moke l, y ap ri l, ak tout lòt bagay konsa. Men kan vrè defi a vini, Bondye pran pozisyon pou konfime Tèt Li drèt la nan menm senplisite a.

222 Leve bripsoukou, tankou flè a. Semans lan, se kòm si tout bagay fini, li mouri epi tonbe nan tè a. Fouye retire ti semans lan soti, li te pouri, sanble ak yon gachi. Men, deyò la men lavi prentan an pou repwodwi yon lòt flè ankò.

223 Bondye nan senplisite. Li fè menm bagay la. Fason pou monte a se desann, toujou. Imilye w ou menm. Pa janm di: “Ebyen, mwen gen sesi sela.” Ou pa gen anyen. Jis--jis sonje, si w gen gras Bondye, jis gen rekonesans pou sa. epi rete enb pou sa. Ou wè, jis kontinye imilye pwòp tèt ou.

224 Bon m pral oblije depeche m, paske revèy la...m pa vle kenbe w twò lontan, paske m pa vle epwize w, ou wè. Nou gen anpil tan ankò pandan semèn sa.

225 Bon, kounye a nou jwenn ke moun yo vin tèlman entèlijan e enstwi.

226 Bon m vle montre w yon lòt. Lòt--lòt yo jiska prezan panche sou lòt kote a, yo vin dè fanatik, ap eseye vin relijye. Bon, nou konnen ke nou gen gwoup sa. Ou wè? Yo panche sou lòt bò a.

227 Se la ke m pa dakò avèk gwoup frè yo k ap retire kò yo la sa pa fè lontan de--de wout Limyè a. Yo, yo jis paka wè fenomèn lan k ap devlope sof si yo monte pwòp gwoup yo, kidonk yo te rasanble o Canada e--e yo te monte yon gwoup moun ke yo ta pral bay pou fè yo apot ak pwofèt antre yo, ak dè bagay konsa. E sa te tonbe pil. Ou wè? E sa ap toujou konsa. Ou wè? Yo te vin...Yo te santi ke poutèt yo se...ke yo pa...Yo tèlman kondane lòt bagay yo, e--e bagay yo, jouk yo plonje tonbe lòt kote a. Ou wè?

228 Gen yon kote ki trè entèlektyèl, frèt, endiferan, yo renye tout bagay laba. E lòt yo menm yo panche lòt kote a, lòt kote avèk yon gwoup radikal ranpli ak emosyon e ki renye Pawòl la.

229 Men vrè reyèl Legliz la rete drèt nan mitan chemen an. Bon, si w remake, se--se--se gen konsepsans Bib la sou sa Bondye di, epitou se--se pou w espiyèl ase pou w kapab rechofe nan kè w, e se jis sa ki wout la. Ezayi di ke se sa ki va wout sa. Li di: “Va gen yon grann wout...”

230 E zanmi presye, beni, sen legliz Narareyen, yon pwisan ti mouvman ke Bondye te kòmanse, men kisa yo te genyen? Kan Bondye te kòmanse avèk pale an lang nan legliz, yo te tèlman relijye epi tèlman rann tèt yo rèd, ke yo te rele l “dyab la.” E ou wè sa k te rive yo? Ou wè? Ou wè? Yo, yo, “Pi sen ke ou.” E--e kifè nou jwenn ke tout bagay sa yo al nan semans lan e yo mouri konplètman. Ou wè? E se lòt--lòt kote a.

231 Bon, yon kote tonbe lan fanatik. Lòt kote a vin frèt epi rèd tankou lanmidon.

Bon, Ezayi di: “Va gen yon grann wout...”

232 Nazareyen yo, ak anpil nan ansyen moun sentete yo, te abitye di: “Ansyen grann wout beni an! Glwa pou Bondye! N ap mache sou ansyen grann wout la!” Men, sonje, se pa egzakteman sa li di.

233 Li di: “Va gen yon grann wout, e,” e se yon konjonksyon, “e yon chemen.” E yo pap rele l grann wout sentete, men, “Chemen sentete a.”

234 Bon, yon grann wout sentete, moun k ap eseye rann tèt yo sen. E kan w fè sa, se tankou m te di anvan an, se tankou yon...Sa va tankou yon malfini k ap eseye mete plim kolonb sou li, pou l ka sanble a kolonb, alòske nati l se ankò yon malfini. Ou wè? Li, se...Se ta tankou yon kòbo k ap eseye mete--mete plim pijon sou li, oswa yon pan, k ap di “Ou wè, mwen se yon bèl zwazo.” Ou wè, se yon bagay fabrike.

235 Men yon pan pa gen pou enkyete si l pral gen plim pan ou pa. Kolonb lan pa gen pou enkyete si l pral gen plim kolonb ou pa. Toutotan nati l se yon kolonb, li va gen plim kolonb.

236 E, ou wè, moun sentete yo te kòmanse di: “Fanm yo dwe kite cheve yo long epi mete rad manch long, e--e tout bagay sa yo, ak jip long, epi pa mete okenn alyans ou kèlkeswa bijou a.” Ou wè, sa vin yon sentete pèsònèl fabrike. Ou wè? Ou wè? Sa--sa--sa se fabrike sentete. Men vrè Legliz Bondye vivan an se...E gade sa k te rive denominasyon. Kounye a yo tout gen cheve koupe, tankou Pannkotis, e--elatriye. E--e yo tout, prèske, pote bag elatriye. Gade Pannkotis yo, sa fè dè zane, jan yo te konn atake sa, ou wè, e, “Nou menm, legliz! Nou menm, legliz!”

237 Legliz se Kò Kris. Se yon endividi pami lòt endividi, ki ne nan Wayòm Bondye a. Sa soti de lenteriyè pou al deyò. Se yon vi otomatik.

238 Ou pa mande yon brebi pou l pote lenn, oswa, pou l fabrike lenn, mwen vle di. Brebi a pa gen pou l fabrike lenn. L ap di: “Bon, mèt mwen vle pou m gen lenn ane sa. M pral okipe.” Non, sèl bagay li dwe fè se jis rete yon brebi. Se vre. Lenn lan ap vini otomatikman...Sa va fèt--sa va fèt...Li va pote l paske...

239 Yo pa mande nou pou nou pote fwi. Nou sipoze pwodwi fwi, ou wè, pote fwi. Ou wè? Nou sipoze pote fwi. E toutotan ou se yon pye fwi Bondye, avèk Pawòl Bondye a, Pawòl Bondye a ap konfime Tèt li. Li va pote fwi toutotan Pawòl la anndan la. Jezi di: “Si w rete nan Mwen, e Pawòl Mwen an nan ou, mande sa w vle e sa va fèt.” Ou wè? Ou pa fabrike l. Ou pa remonte tèt ou pou sa. Sa jis an reyalyte la, ap repwodwi ankò e ankò.

240 Bon ann avanse, jis ann depeche nou kounye a, jis avèk kèk minit ki rete a, e apre sa n ap klotire.

241 Bon, kounye a, lòt yo al ase lwen pou yo vin dè fanatik. Kounye a, yo ale lòt bò a. E yo panse, jis paske y ap sote ponpe, oswa paske yo gen yon jan de sansasyon ou emosyon, pale an lang, ou--ou--ou bay yon pwofesi ki te rive, oswa yon bagay konsa, yo panse ke se Sa, ke--ke yo genyen L. Men se pa sa.

242 Jezi di: “Anpil va vin kote M jou sa, pou di, ‘Seyè, èske m pat pwofetize lan Non W? Lan Non W m te fè anpil zèv, chase demon?’” Li va di, “Retire kò nou, Mwen pat janm konnen nou.” Ou wè? Se pat sa. Se pat sa, zanmi.

243 Se pou rezon sa...E, lang, evidans lan? Mwen kwè nan pale an lang, men mwen pa kwè se sèl evidans Sentespri a. Non, mesye. Fwi Lespri a se evidans lan. Ou wè? Ya. Bon, ou wè, se poutèt sa mwen diferan de mouvman frè Pannkotis yo, nan sans sa, lè yo di ke: “Si yon moun pale an lang, li gen Sentespri.” Mwen pa dakò. Se pa siy li gen Sentespri. Ou wè?

244 M te tande dyab yo ki pale an lang jis rapid otan yo te kapab, bwè san nan zo tèt mò imen, epi rele dyab la.

245 M te wè Endyen pran koulèv epi vlope tèt yo avè yo, nan-nan-nan dans lapli a deyò la a nan Arizona; kenbe men yo anlè kon sa, epi kouri dwat nan viwonn la. Doktè sòsyè a soti, pike tèt li. Epi poze on kreyon, epi l ekri nan lang yo pa konnen, epi bay entèpretasyon pou li. Ou wè?

Kifè, pa, pa di m sa. M twò granmoun pou sa. Ou wè?

246 Kidonk fwi Lespri a-a se...Jezu te di: "Pa fwi yo," pa lang yo oswa emosyon yo, "men pa fwi yo nou va konnen yo." Ou wè? Kidonk sa se fwi Lespri a. Se Bondye k ap dewoule Tèt Li nan imilite, dousè, epi chak jou menm lan. S on bagay sou li, yon nonm ki rete dwat ak Pawòl la. Chak fwa ke l wè Pawòl la, li akonpaye l ak yon "amèn," sa pa enpòtan sa lòt moun yo di. Ke, li kwè Li, nou wè. Trè byen. Ou wè?

247 Men n ale lwen ase, lè sa a, pou n poze sou on fanatik, e Satan antre nan mitan moun yo. Sa se biznis Satan. E l s on bon biznismenn. E l antre nan mitan moun yo, fè yo panse ke yo genyen L jis paske yo ka sote ponpe. Epi rayi vwazen ou? Non. Ou wè?...pou-pou di dè bagay, epi pale an lang jis on fason mèveye, epi bagay kon sa.

248 E, sonje, nou ka pale nan lang Sentespri otantik epi nou toujou pa gen Sentespri a. Bib la te di sa. "Menm si m pale ak lang lèzòm ak Zanj yo, epi m pa gen charite, li pa pwofite m nan anyen. M vin tankou yon eren k ap rezonnen, ak yon senbal k ap sonnen kou klòch." En Korentyen 13. Ou wè? Kifè ou pa...Sa pa fè l, ou wè.

249 Metodis la te di: "Lè n te rele, nou te genyen L," men yo pat genyen L. Nazareyen an te di: "Lè yo viv on vi sen, yo te genyen L," men yo pat genyen L. Pannkotis la te di: "Nou pale an lang; nou genyen L," men yo pat genyen L. Ou wè? Ou wè?

250 Bondye, ap deplwaye Tèt Li, pa nan sansasyon. Non, sa...Sansasyon, poutan, avè L. Nou wè kote a? Li jis fè L vin sitèlman enb jouk nenpòt moun ka wè L, si nou-si nou pa eseye mete, foure pwòp lespri nou nan Li, ou wè, ak pwòp panse nou. Se Bondye.

251 Kounye a, epi apre yo vin on pakèt fanatik. Lè sa a, *men* sila ki frèt epi fòmèl yo sou bò sa a; *men* fanatik yo sou bò sa a; epi *men* Epouz la ki prale dwat nèt atravè tout, y ap rele soti nan toude bò yo. Se vre. Bondye k ap konfime Sa antan L a prale, Pawòl Li.

252 Kounye a, o, m dwe sote kèk nan sa paske m gen twòp isi a. E m-m gen...Tan m ap pase. M ap prese rapid jis otan m kapab kounye a.

253 Soti Edenn, li te sot nan Edenn, te-te pwofetize ke te g on Mesi k ap vini; soti nan Edenn nèt ale.

254 Kounye a m ap sote kèk nan Ekriti m yo ke m te ekri isi a, ak nòt yo, jis pou fè Mesaj la pase, a tan, si m kapab. Bondye k ap kache nan imilite. Kounye a, m ap pale rapid, men, poutan, m-m vle nou konprann sa. Ou wè?

255 Depi Edenn, sa te pwofetize ke yon Mesi t ap vini. Sa te anonse davans ki kalite moun Li t ap ye. Nou te ka mize lontan. Nou konn Bib la, kisa L t ap ye, ki kalite moun Li t ap ye. Moyiz te di: “Seyè Bondye nou an va leve yon Pwofèt, tankou m.” Yo te konnen ke Mesi sa a te dwe yon pwofèt, jan de ministè Li t ap gen avè L. Tout pwofèt yo te pale de sa L ta pral fè. Yo te pale de li an senbòl. Epi l t ale dwat anlè tèt yo, epi dwat anba rès ladan yo. Ou wè? Ou wè? T ale anba youn, epi anlè lòt la. Ou wè?

256 Nan moman ke L te rive sou sèn tan an, moun yo te voye L al jwenn yo te gen pwòp entèpretasyon yo de sa ke L te dwe ye, nan pwòp entèpretasyon imajinasyon pa yo.

257 Bib la pat janm chanje. Bib la toujou menm lan. Se pou rezon sa a mwen di: “Ekriti a te di, e m ret ak Sa: ‘Bib la pa yon entèpretasyon prive.’”

258 Kidonk, Metodis, Batis, Pannkotis, pa eseye mete entèpretasyon pa nou nan Li, di: “Se pa Sa l vle di. Li vle di sa a.”

259 Li vle di jis sa L te di a, jis egzakteman. Yon moun te di: “Kijan sa ka fèt?” M pa konn kijan. Se pa mwen k pou di sa. Se Bondye ki dwe okipe de sa. Li se Sila a Ki te di l, pa mwen, ou wè, e L ap okipe Sa K Pou Li.

260 Men kounye a, men, Mesi sa a te pwofetize. Pwofèt yo te di jis egzakteman kijan Li t ap vini, kisa L t ap fè lè L vini. Men, pwòp entèpretasyon prive yo de li, nan mitan moun yo! E lè L vini, Li te on fason sitèlman senp, nan senplisite, jouk tout gwoup legliz la te bite sou li. Èske se vre? [Kongregasyon di: “Amèn.”—Editè a.] La a, mesye sa yo ki te jwenn ansèyman...

261 Yon nonm pat ka yon anseyan, yon prèt, jouk li te fèt nan yon sèten desandans, apre Levi. E, jis reflechi, gran-gran-gran-gran-gran-gran-gran-papa li te yon prèt, lonje dwat nan Pawòl sa a, nan tanp lan, lajounen kou lannwit.

262 Tankou prèt Katolik la oswa minis la ki s on-on minis ki transmèt de jenerasyon an jenerasyon, bay sèten legliz, e latriye: “Gran-gran-granpapa m t on evèk Metodis. Granpapa m t on evèk, e latriye.” Ou wè?

263 Tout sa, te viv dwat nan Pawòl la, men yo te fòme l nan pwòp fason pa yo. E pitit yo te asepte l nan on fason ke papa yo te anseye li. Jouk, papa yo te anseye l andeyò de vrè fason an, e yo te fè yon òganizasyon avè l, jouk, lè Lespri a te eseye prezante Verite, yo pat ka resevwa L.

264 E se menm bagay la jodi a. M pa vle brital, men se vre. Se menm bagay la jodi a. Yo fè l sitèlman-sitèlman konplike, e-e yon lòt fason. Yo anseye pa yo... Jis fason sa te di a: “Bondye pa gen okenn pitit pitit.” Nou konn sa? Bondye gen pitit gason, e L gen pitit fi, men pa pitit pitit gason ak pitit pitit fi. Chak moun dwe peye menm pri an epi vini menm fason an. Jis menm jan papa nou te fè, se konsa nou dwe fè.

265 Kounye a, kidonk, Li te sitèlman senp. Lè Mesi sa a...Pandan kat mil lane, chak pwofèt te pale de Li; David te chante sou Li, ak tout desann nèt ale. E lè L vini, moun yo te gen pwòp lide pa yo ki te bati, kisa L dwe fè, kijan L ta pral fè. Kijan tout sa te eksplike, te trase sou tablo ak tout bagay, jouk, lè L vini nan vrè fason senp sa a, sa jis-sa jis detwi teyoloji yo a. Ou wè, yo pat konn sa.

266 Li vini selon Pawòl la. Kounye a, èske n kwè ke Bondye te pale nan pwofèt yo, ke Mesi sa a t ap vini nan on sèten fason? Se domaj nou pa gen apeprè on lòt inèdtan ke n te ka al anndan la a epi eksplike kijan sa te ye. Ou wè? Nou tout konnen kijan sa te ye, poutan, pi fò nan nou. Kijan Bondye te di L ta pral vini, epi kijan ke: “Oumenm, Betleyèm nan Jida, ou pa pi piti a nan mitan...” E desann nèt ale la a, epi kijan L t ap fè, epi kisa L t ap fè. Ou wè?

267 E, poutan, Li te sitèlman senp! Jouk, gran save sa yo te fè l sitèlman mele, jouk yo te rate l. Men, nou konnen Jezi pat vini kontrè ak Pawòl la. Li vini selon Pawòl la, men kontrè ak entèpretasyon yo. Ou wè? Li te anseye dè bagay ki te kont fòmasyon eklezyastik yo sou Li.

268 Kounye a, yo te di, kounye a, pa egzanp: “Lè Mesi vini, se sèten, L ap vini nan tanp lan epi di: ‘Caiaphas,’ oswa nenpòt moun ki gran prèt, ‘Mwen rive.’ L ap vini ak on salitasyon nan men di milyon Zanj. Bondye a ap di: “Trè byen, kanmarad yo, anba la a, nou vrèman on-on legliz pwisan. Nou se pèp Mwen. M pral vire manivèl la isi a epi kite koridò Syèl la desann. M ap voye Mesi a ban nou, maten an. M ap kite l ateri deyò la a menm nan lakou a, ak tout moun yo ki vin nan viwonn lan.’ Di: ‘Doktè *Entèl entèl*, oumenm ak Doktè *Entèl entèl*, nou tout ka kanpe nan tèt la, pou nou salye L an premye, nou wè.”

269 Kounye a se petèt on bagay tankou y ap panse jodi a. Kounye a, m konnen s on ti...Li sonnen on ti jan san reflechi. Men m pa...m ap eseye bay on pwen.

270 “E-e, la a, se fason sa a l pral ye. E si l pa vin fason sa a, se pa kòrèk; s on antikris. Ou wè? Si l pa vin jis fason sa a, s on antikris, nou wè, kidonk li p ap sa. E kifè, alò, pral g

on...Alò, pwochen bagay la desann, pral g on salitasyon ak apeprè di milyon Zanj, ak gwoup yo. E yo pral atèri deyò la a nan lakou a, kote Salomon te bati tanp la, ak, o, tout monte desann isi a, plas sen sa a kote sen ak saj yo te mouri, e latrize!"

271 "Wi," Jezi te di: "noumenm ipokrit!" Noumenm pitit dyab la!" Te di: "Nou dekore tonm pwofèt yo, epi papa nou mete yo anndan la a." Se vre. Se vre. Ou wè? "Konbyen òm jis ak pwofèt yo te voye ban nou, epi kanmenm nou asasinan chak nan yo!" Ou wè? Men kisa L t ap rele "jis" lè sa a? Sa yo rele: "fanatik ak akaryat." Wi.

La a, yo te panse l t ap vin fason sa a.

272 Men, lè, Li vin nan yon letab, fèt pou on-on vyèj, ak jis yon chapantye òdinè kòm on papa adoptif, ak on-on ti, on tifi yo pa konnen. Ou wè, pa pitit fi gran prèt la, oswa kisa ankò. Li-Li vini kòm...sot nan on ti dam ki te viv anba nan-nan vye ti peyi mechan yo rele Nazareth la. E jis yon vèf òdinè; madanm li te mouri. Li te gen kèk pitit; Joseph. Epi-epi l te fyanse. Epi apre Li vin ak yon move non, pou kòmanse. Yo te di Li te fèt ilejitim. O la la!

273 Sa te frape yo twò fò. Ou wè? Etik edikasyon yo pat ka vale sa a. Entèpretasyon pa yo de Ekriti yo pat konn anyen sou sa, men poutan se te MEN SA SEYÈ A DI. O la la!

274 Sa fè m fremi, pou m panse sa, epi pou m wè menm bagay la k ap rive ankò. Bondye pa ka chanje.

275 Li deja midi. Èske n vle jis...Èske m dwe kanpe, oswa jis... [Kongregasyon di: "Non. Kontinye."—Editè a.] Mèsi. Jis chita trankil jis on ti moman, ou wè. ["Kontinye avanse dwat."] Kounye a, sa se, m ap mete baz on bagay isi a pou on Mesaj k ap vini, ou wè. E m ap eseye kite nou soti jis byen rapid, petèt pwochen dis oswa kenz minit yo, si n kapab. Bondye beni nou.

276 Remake, kounye a, li sitèlman senp, ke l-li-li jis rate sib la, pou yo. men li te atenn sib Bondye a. Ou wè, li frape Pawòl la. Li vini jis egzakteman fason L te di a. Men, yo, entèpretasyon yo de li pat bon. Entèpretasyon de sila ki delivre a nan tan Moyiz pat bon. Entèpretasyon an nan tan Noye pat bon, ou wè, men Bondye vini selon Pawòl Li.

277 Epi apre Jezi te vini, e L-e L te anseye dè bagay ki te kontrè. "Si W se Mesi a, fè tèl tèl bagay," nou wè. "Si W se, desann sou kwa a epi montre l ban nou kounye a." Ou wè? Men Bondye pa fè kloun pou moun. Bondye jis fè bagay ki fè plezi epi ki dwat.

278 Yo te panse Yon Moun konsa t ap sètènman vini ak on gwo salitasyon nan men Zanj yo. Men Li vini pa yon letab. E, pou pwòp etik sire yo, sa te ridikil pou yon èt imen òdinè panse ke Bondye Toupwisan an, gran Jehovah pwisan an, Ki te posede latè epi kreye tout bagay la,

pa ta ka ranje on plas pou Pwòp Pitit Li fèt, ki pi bon pase kèk letab pou vach sou tèt on pil angrè. Kijan ta ka gen...Ou wè?

279 Kisa sa te ye? Bondye nan senplisite. Se sa k te fè L sitèlman gran. Ou wè, etik edikasyon an pa ka rabese tèt li konsa; ou wè, li pa ka sipòte l. Men Bondye sitèlman gran ke Li desann Tèt Li nan sa, pa menm yon rad pou mete sou Pwòp Pitit Li. Panse a sa! E mond lan...Pat gen okenn chanm nan lòtèl la. E L t ale nan yon letab pou vach, on ti-on ti rakwen, on-on ti kav, tankou, dèyè nan bò on bit. E Pitit Bondye a te vini la a sou on kabann pay. O, sa te diferan anpil de reyinyon anwo la a...

280 Epi manman L te dwe vin manman. Yo te jwenn li te manman, o, dè mwa anvan yo te menm fyanse pou yo marye...oswa menm marye. Ou wè? Li te dwe vin manman. E moun yo te wè sa, e yo te konnen ke se te fason sa a. E, Mary, nan pwòp kè l, li te konnen kisa k t ap pase.

281 E Joseph pat konprann. Men Zanj Seyè a te vin jwenn li nan nwit, ap di: "Joseph, ou se pitit David. Pa pè pran Mary madanm ou avè w, paske sa pa anyen ki mal, men sa se pou Sentespri a." Sa te regle l. Nonm lan, Joseph, ak on koneksyon konsa ak Bondye, jouk Bondye te ka pale avè l.

282 Men jodi a nou gen vès eklezyastik nou si tèlman trase sou nou jouk anyen pa ka pale avè nou, andeyò de gwoup eklezyastik nou ladan l lan. M pa vle vin di oswa radikal, kifè m ap kite sa a la a menm. Remake. Men kou konprann sa m vle di. Remake.

283 Yon letab te ridikil, pou yo, sila yo ki sire yo. Nou pa menm gen okenn dosye kote L te janm frekante yon jou lekòl; e poutan, nan laj douz an, on senp ti gason te mete prèt yo nan konfizyon nan tanp la, pa ansèyman Li. O la la! Kisa sa te ye? Bondye ki cache Tèt Li...?...M santi m vrèman relijye kounye a menm. Bondye ki cache Tèt Li nan yon letab. Bondye ki cache Tèt Li nan on ti Pitit. Ou wè? Gade, li pral manifeste, apre on moman, poutan, ou wè. Li te dwe fè l.

284 Lè L t al nan lari, paran yo, pa gen dout, t ap pale epi di: "Pa jwe ak Timoun sa a. Pa gen anyen pou wè avè L. Manman L pa anyen ke on pwostitye òdinè, ou wè. E, papa a ak manman an, Bebe a te fèt...Anvan yo te marye an reyalite, li ta pral manman. Pa g anyen pou wè avè l."

285 Kisa Mary te panse! Men, met tout ansanm, kèlkeswa sa deyò a te panse, li te reflechi a tout bagay sa yo. Yo te cache l nan kè yo. Yo te konnen. Yo pat ka di anyen ki move kont sa.

286 Bondye pale ak nonm Li, pafwa, di: “Ret an pè. Pa di anyen sou sa.”

287 M te gen moun nan reyinyon m ki di: “Ebyen, si w s on sèvitè Kris, ou konnen sa ap pase la a.”

288 Sèten, m te konnen l t ap pase. Men lè sa a kisa w pral fè lè L di: “Pe la. Pa di anyen sou sa”?

289 Te pran kèk mesye lòt jou a, epi te montre yo, nan on liv. M te di: “On bagay te pale, sa fè dè zane de sa.”

Te di: “Enbyen, m pat ka konprann sa.”

290 M te di: “Ou wè la a?” Men l te isi a, dèyè isi a, m genyen l ak dat ak tout bagay, lè sa te rive dèyè la a. Anpil moun te wè l sou liv la la a. M te di: “Sa pral rive ke sa pral pran direksyon *sil*a a epi direksyon sa a.”

291 Te di: “Ebyen, poukisa ou pat di on bagay sou sa?” Li te kò-...Se fason sa a l te dwe ye. Ou wè?

292 E Joseph te konnen l diferan. Li te konnen Pou Kimoun Bebe sa a te ye. Mary te konnen pou Kimoun Li te ye. Jezi te konnen Kimoun Papa L te ye. Kisa L te di? “M dwe okipe biznis Papa M.” Pa ap siye bwa epi-epi fè yon pòt; men okipe biznis Papa L. Amèn. Te di manman L sa: “Èske w pa ka konprann ke, Mwen, li tan pou M okipe biznis Papa M?”

293 Kounye a, yo te panse: “Ti Pitit deranje sa a..” Nenpòt timoun ilejitim s on kalite bagay dwòl, etranj, tout jan. E men li, ou wè, men, Bondye ki kache Tèt Li. Koute. Bondye ki kache Tèt Li nan sa yo te panse, de mond lan, kòm: “Salte, koripsyon, ilejitim.”

294 Gade, Bondye kache Tèt Li nan koripsyon on semans ki mouri, pou pote lavi. Ou wè? Nou konprann li?

295 Bondye kache Tèt Li nan on senp, ti lesivyè. Oswa yon nonm òdinè ak dine l anba bra l, bò madanm li ak pitit li pou di yo l ale, epi soti deyò la a, epi petèt kache Tèt Li nan nonm sa a pou fè on bagay ke achevèk la pa t ap konn anyen sou li. Ou wè? Ou pa tandè L k ap sonnen okenn klaksòn epi voye l deyò. Limenm, Bondye, jis pran glwa, se tout. Sila ki senp yo tandè l epi yo kontan, ou wè.

296 Kounye a, Bondye t ap kache Tèt Li nan senplisite on Bebe, ap kache Tèt Li nan senplisite on-on fanmi òdinè. Bondye! Epi eklezyastik yo, ak gwo mesye yo, lespri a, jeni an, ak-ak yo tout, ak Hewòd yo, e latriye, nan jou sa a, ak Newon yo, e yo tout te iyore l. Bondye ki kache nan senplisite.

297 Kounye a, byen rapid. Jan Batis, nan Ezayi 40. Nou te ka pran l si n vle. Malachi 3. Tout, ya, make l si n vle. Ezayi 40, tout, nou konnen, ap aple de lapè pou...jan l ye a. Petèt mwen...Li ta ka bon ke m-m-m ta li sa isi a menm, si n gen-nou gen valè tan sa a. [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Ann fè l, jis pou on minit. N ap vire isi a nan Liv Ezayi a, chapit 40 lan, epi epi li isi a epi jis wè sa l di sou sa kounye a. Gad isi a: "Ankouraje pèp mwen an, ankouraje l." Kounye a, sonje, se te sètсандouz (712) an. Gade tit la anwo la a, ou wè. Sètсандouz (712) an anvan l te fèt, men on pwofèt ap pale de li.

Ankouraje pèp mwen an, ankouraje l! Se Seyè an ki di sa!

Pale pawòl ankourajan ak *moun lavil Jerizalèm yo!* Rele ba li ke konba l akonpli, ke move zak li yo padone: paske l te resevwa...*men Seyè a ki double pou tout peche l te fè yo.*

Tande vwa yon moun...k'ap rele byen fò: -Pare chemen Seyè a nan dezè a. Louvri wout li nan savann lan, yon otowout pou Bondye nou an!

E se pou yo konble tout fon yo! Se pou yo kase tout tèt mòn yo ak tèt bit yo! Se pou ti mòn yo tounen platon, se pou sa k rèd yo...va fèt tè pla!

298 O la la! Al on nonm sa ta pral ye! Ou wè? Kounye a vire nan Malachi, avè m, dènye Liv nan...Dènye nan pwofèt yo nan Ansyen Testaman an. Kounye a, nan Malachi, koute isi a. Malachi pran li, jis nan fen tan an, konsa nou sèten nou pap bliye l. Malachi, chapit 3 a.

Seyè a pale, li di konsa: -Men m'ap voye mesaje mwen devan pou l' pare yon chemen pou mwen. N'ap rete konsa, n'ap wè Seyè n'ap plede chache a ap vini nan tanp li a. Mesaje menm nou te anvi wè a, men l'ap vini pou l' fè tout moun konnen kontra a.

299 Toujou ap pale de Jan: "Voye mesaje Mwen devan Mwen, pou l pare chimen an." Jezi te pale de sa, nan Matye 11:10, te di:

Si nou ka resevwa l, se de sila a yo t ap pale, Men m'ap voye mesaje m' lan devan figi m,...

300 Ou wè? Se vre. Kounye a, kijan tout sa te pale! Lè, sa te fèt pandan sètсан zan, te dwe g on anonasyatè ki vin anvan Mesi a. Men lè l te vin sou sèn lan, nan on senplisite konsa, yo te rate l. Yo te rate l.

301 Kounye a, sonje, le te pitit gason on prèt. Ebyen, gade kijan sa te ridikil pou li pou l pat swiv fonksyon papa li, retounen nan semine a. Men djòb li te twò enpòtan. A nevan, li t al nan

dezè a. E l te soti, ap preche. Yo te rate l. Li te sitèlman senp, twò senp, pou edikasyon gwo nivo sire yo a pou kwè yon moun konsa. Yo te panse, ki lè nonm sa a vini...

302 Sa k pase ak: “Tout kote k wo yo va kase, tout kote k ba yo va fèt wo, tout kote k rèd yo va fèt tè pla”? David te wè l, epi l te di: “Mòn yo-yo te sote ponpe tankou bouk kabrit, epi fèy yo te bat bravo ak men yo.” [Frè Branham bat bravo ak men l yo ansanm plizyè fwa—Editè a.]

303 Kisa? Èske sa te rive? On vye mesye ak moustach kon sa, san okenn edikasyon ditou, ak on moso po mouton vlope sou li, te vin ap bite soti nan dezè Jida a, ap di: “Repanti, paske Wayòm Syèl la toupre. Epi noumenm bann sèpan, piga n panse pou n di: ‘M fè pati on sèten òganizasyon.’ Bondye kapab leve pitit pou Abraham sot nan wòch sa yo.” O la la!

“Ebyen se pa li la a. Nou konnen se pa li.”

304 Men se te li! Ou wè, li t ap netwaye chimen an. Ou wè? Men ki lè kote k rèd yo te vin fèt pla. Men kote plas ki te wo yo te kraze. “Piga n panse nou te gen Abranham pou papa w? Pa kòmanse di m kalite bagay sa: ‘paske Bondye kapab leve pitit pou Abraham ak wòch sa yo.’ Kote k wo yo te kraze. O la la! Se sa. Wi! Ou wè diferans lan? Li te di se sa k ta pral pase.

305 E lè yo vini, yo te panse, o la la, yo te jis pare pou resevwa li, si l vini nan pwòp òganizasyon yo. Men paske...Li vini kon sa, nan on fason sitèlman senp. Poutan, nan entèprete Lèzekri, kote k wo yo te kraze. Yo pat vle asepte l, men se sa yo te ye.

306 Gason, li te raze yo. Li te rache po a dwat sou yo. Te di: “Noumenm bann koulèv! Noumenm sèpan nan zèb! M di nou, rach la poze sou rasin pyebwa a. Epi chak pyebwa ki pap pwodwi fwi, li koupe epi jete nan dife a. Se vre m ap batize nou ak dlo, men gen Youn k ap vini apre m, Ki pi pwisan pase m; L ap batize nou ak Sentespri a ak Dife. E evantay Li nan men L. L ap prije atè a nèt. E L ap ga-...boule pay la; epi ranmase ble a mete l nan grenye an.” Amèn.

307 Sa se te lè kote k rèd yo vin fèt pla, ou wè, men moun yo pat konprann li. Men se jis egzakteman ak Pawòl la, jis egzakteman fason Pawòl la te di l. Sitèlman senp, ke yo te rate l. Yo pat reyisi wè l.

308 Piga nou avèg konsa. Ou wè? Piga nou avèg kon sa. Kidonk, koute, kounye a.

309 Yo te rate li. Li te sitèlman senp, pou kwayans òdinè yo de on moun konsa, ke l te rate l. Ankò, kisa sa te ye? Bondye, ki se Pawòl la, k ap kache nan senplisite; pa yon prèt ak kole l ki vire tounen, te entèlijan, edikasyon.

310 Jezi te mande yo menm bagay la. Li te di: “Kisa n te soti pou n al wè?” Lè disip Jan yo te vin la a. Te di: “Kisa n te soti pou n al wè? Èske n t al wè on nonm ki abiye ak rad prèt sou li, ou konnen, ak abiman dous,” Li te di: jan de predikatè sa a-sa a-sa a-sa a?” Li te di: “Èske n t al wè sa?”

311 Te di: “Non. Kalite sa yo bo bebe yo, epi, ou konnen, epi antere mò yo. Yo, yo pa konn anyen sou on nepe ak de bò sou devan batay la. Yo te deyò la a ak kèk diskou entèlektiyèl, pou kèk Klèb Kiwanis oswa on bagay, ou konnen. Yo trè byen la a. Men lè l rive deyò la a nan batay la, pou fè fas avè l, yo pa konn anyen sou li. Yo-yo, yo nan palè wa yo. Y ap pran plezi yo ak jan de selebrite sa a.”

312 Men L te di: “Après kisa n t al wè? Èske n t al wè wozo ki souke ak nenpòt van? On nonm ki te ka di...Yon moun di: ‘Ou konnen, ou fè pati de-ou fè pati de Inité a; men si n ap vin bò isi a nan Asanble yo, m ap di nou sa m ap fè, n ap-n ap fè l...’ ‘M kwè m ap fè sa.’ Huh! On wozo, souke? Pa jan. Non, non. Non, non. ‘Si n ap vini, se pou n on Sadiseyen e pa on Farizyen, oswa on bagay, lè sa a,? Nou pat wè pèsòn ki te souke ak van an; pa Jan.” Non, mesye, frè; pa li.

313 Li te di: “Alò kisa n t al wè? On pwofèt?” Sa t ap pran on pwofèt pou fè sa, ou wè. Li te di...Kounye a, sa te prèv on pwofèt, ou wè, Pawòl Bondye a avè l. Pawòl la vin jwenn pwofèt la. Ou wè? Te di: “Kisa n t al wè? On pwofèt?” Te di: “Wi, se sa. Men, M di nou, menm plis pase on pwofèt, paske se sa l te ye.”

314 Poukisa l te plis pase on pwofèt? Li te mesajè Alyans lan, sèten se sa l te ye, pou l fè pon pou wout ant lalwa ak lagras. Li te kle ki pi enpòtan yo te pale de li, anndan la a.

315 Li te di: “Si nou ka resevwa l, sa se sila ke pwofèt la t ap pale a, ‘Men,’ nan Malachi 3, ‘M ap voye mesajè M devan figi M, ou wè, e l ap pare chimen an devan M.’” Ou wè? O, li te sitèlman senp. Bondye ankò k ap kache nan senplisite.

316 Après gade sa l te fè. Li te preche sou on Kris sitèlman pwisan k ap vini: “Li te gen evantay Li nan men Li. L ap...L ap vante chimen L. Gason, m vle di, L ap prije planche L yo nèt. L ap pran fatra a, epi bale l al lòtbò a epi boule l, tou. Se vre. L ap sanble grenn lan epi ranmase l mete l nan grenye an.” Ou wè, li te enspire.

317 Men lè Jezi vini, yo t ap chache...E tout apot sa yo, ou konnen, yo t ap chache pou on gran bagay vini. “O la la, la la! O, L ap vini. Se tout sa k gen ladan l. Gason, L ap pwisan. L ap mete Women sa yo deyò ak kout pye sou fas latè a. O la la! L ap fè Grèk sa yo al nan direksyon *sila* a, epi Women yo al nan sa a, lè L vini.”

318 Lè L vini, on ti kamarad tou enb yo t ap pouse sot nan yon bò al nan on lòt. Kisa l te ye? Bondye k ap kache Tèt Li nan senplisite. O la la!

319 Apresa L te kanpe nan fen Mesaj Li, epi di: “Kimoun ki ka kondane M fè peche? Sa tout Bib la te di ke M t ap fè...Si M pa fè zèv Papa M yo, alò kondane M. Men kisa Lèzekriti te di ke M t ap fè, ke M pat fè?” Peche se enkredilite, ou konnen. “Kimoun ki ka akize M? Si M chase demon pa dwèt Bondye, alò montre M kisa n ap fè sou sa.” Senplisite!

320 Te menm soumèt Tèt Li nan lanmò! Men, o, nan jou maten Pak sa a, alelouya, se kote L te prije atè a. Li te bale fatra a, trè byen, frè. Wi, se vre. E ble an te sele pou mwason an. Lonje la a nan tè a, ak Lavi Etènèl ki poze nan li, ap tann gran Jou sa a ke nou pral pale a, Vini Seyè a, lè lavi sa a pral vin nan Lavi; e n ap leve nan rezirèksyon sa a, pou yo pran nou ale avè L anlè a, epi rasanble nan Grenye an. E fatra a ap boule lòtbò a; pò ki vlope l la, epi te eseye rale L nan direksyon *sila* a oswa direksyon sa a, pral boule ak dife k pa etenn. Amèn. O, èske L pa mèveye? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

321 Yo te rate L, Bondye nan senplisite. Poukisa? Poukisa? Li pat menm janm preche nan langaj eklezyastik yo. Li pa janm fè l. Li pat janm preche tankou on predikatè. Ou wè? Li te preche tankou on...Li sèvi ak langaj senplisite Bondye, mo tankou “rach la poze,” mo de “pyebwa an,” mo de “sèpan yo.” Pa kèk anseyan seminè, tankou nan eklezyastik epòk lan, tankou on Doktè Divinite, Doktè *Entèl entèl*. Li pat fè sa. Li te preche tankou on moun nan bwa lòtbò a on kote. Li te pale sou rach yo, ak pyebwa yo, ak sèpan, ak bagay kon sa, ak ble, ak rekòt, ak tout bagay kon sa. Yo t ap konsidere L, jodi a, m imajine, on predkatè k ap preche sou bwat nan lari. M panse yo te rele L yon “predikatè chouk bwa” nan epòk sa a, kanpe sou on chouk bwa anba la a bò Jouden. Pet-...Bondye nan senplisite, k ap kache pou sajès mond lan.

322 Kounye a, ann chache konnen. Jezi te di: “M di W mès, Papa, Ou te kache bagay sa yo pou sajès mond lan, epi ap revele yo bay bebe sa yo tankou sila ki va aprann.” Ou wè? Bondye k ap kache nan senplisite, nan Kris. Bondye k ap kache nan senplisite, nan Jan. Ou wè? Jis...Ou wè, Li-Li te...Jis panse a sa, Bondye nan senplisite, k ap kache Tèt Li pou sajès mond lan.

323 Kounye a n ap konkli, jis nan on minit, oswa de, paske m pa vle kenbe nou pi lontan.

324 Gade, ann kanpe jis on minit, on bagay pèsònèl. Panse a on jou ke n ap viv ladann, pou nou konkli sa a kounye a. Panse a jou n ap viv ladann lan, lè Bondye ki desann nan on ti kote tou enb ke nou te ret ladann, ap geri malad. Epi rich yo, ak sa k gonfle lestomak yo, ak gwo save yo: “Jou mirak yo pase. Pa gen okenn bagay tankou gerizon Divin.”

325 Nou sonje Mesaj m te preche dwat la a sou moso tè sa isi a, jou maten m te pati a, sou David ak Goliath?

326 Te di: “Kòman w pral rankontre on mond ki gen lenstriksyon deyò la a, Frè Branham, ak tout Sa a?”

327 M te di: “M pa ka anpeche tèt mwen sou kijan m ap rankontre I. Bondye te di, ‘Ale.’” Ou wè? Se tout, ou wè. Se Pawòl Li. Li te pwomèt Li. Lè a isi a.

328 Lè Zanj sa a, ke nou wè nan foto sa a lòtbò a, desann sou larivyè a anba la a jou sa a, nan mwa d jen sa a k ap vini an sa ap fè trant an, oswa sa fè tranntwa zan, pito, mwa d jen sa a k ap vini an; epi di: “Menm jan yo te voye Jan Batis devan,” devan senk mil moun ou plis: “lè a vini kote Mesaj ou a pral detounen mond lan.”

329 Nou sonje kritik yo, si nenpòt nan nou la a. M imagine, Roy Slaughter, oswa kèk nan yo ki chita isi a, te ka sonje jou an; oswa kèk, Madam Spencer, oswa-oswa kèlkeswa moun ki t ap la kèk nan granmoun yo isi a ki t ap-t ap konnen, ou wè; George Wright, oswa kèk nan yo, ou wè, konn sa, kijan sa ye te. Men èske L pat fè l? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Li te fè l.

330 Epi apre nan mitan an, lè yo te refize, epi di: “Se jis on gerizon mental.” E Bondye te retounen dwat nan viwonn lan epi te voye yon vye oposòm bèbè anndan la a, epi l te geri pa Pwisans Bondye.

331 Lyle Wood ak Banks, lè nou te chita anba la a, epi konnen Verite Bondye ki konfime a. Lè, on vye ti pwason, veron, tou mouri, te lonje sou dlo a. Epi Sentespri a te pale, jou anvan an, Li ta pral montre yo Glwa Li epi fè on bagay sou li. E la a jou maten sa a, kanpe la a, epi Sentespri a desann nan bato sa a, epi m te leve epi m te pale ak pwason sa a. Epi l lonje sou dlo an, tou mouri, pandan on demi èdtan; branch li yo ak trip li yo te rale sot nan bouch li. Li vin vivan, epi te naje ale byen pwòp menm jan ak nenpòt lòt pwason. Kisa l ye? Bondye k ap kache Tèt Li nan senplisite.

332 Bondye kapab leve pitit pou Abraham nan wòch sa yo. Bondye kapab geri yon oposòm, oswa on pwason, oswa nenpòt bagay. Si L ap pote Mesaj Li, epi moun yo pap kwè L, Bondye ka leve on oposòm pou kwè L. Alelouya! Bondye ka leve on pwason ki mouri. Bondye ka leve on oposòm ki mouri. Li kapab. Li ka fè nenpòt sa L vle fè.

333 Al on repwòch pou jenerasyon sa a! Lè yo bite sou Li, epi fè bri sou Sa, epi: “Ou pat fè si epi fè sa a.” E Bondye voye on senp bèt anndan an. Ou wè? Al on repwòch! Kisa l te ye?

Bondye nan senplisite, ou wè, ap montre Tèt Li ki gran, o la la, fè mesye jenerasyon sa a repwòch, sou enkredilite yo.

334 Kounye a, yo panse kounye a menm jan yo te toujou fè, sa dwe fèt nan pwòp fason pa yo. “Kounye a, si g on bagay tankou gerizon Divin...” Tankou, on mesye Katolik te di m sa. On kanmarad, lòt jou swa a, te di m sou sa. Nou konn sa. Te di... Ayers sa a, ke m t al wè sou pitit gason l lan la a nan Houston, li te di-li te di: “Ebyen, kounye a, si-si sa se t on don Bondye, li ta dwe vin nan legliz Katolik lan.” Nou wè? Ou wè? Ya, Metodis yo te panse Li ta dwe vin nan legliz yo. E Pannkotis yo te panse Li ta dwe vin nan legliz yo. Men Li pat vin nan okenn nan yo.

335 Li vin nan Pwisans rezireksyon Jezikri k ap manifeste Tèt Li. Se vre. Sèten, Li te fè l. Ya. Jis gade L. Pa kite L pase nan men nou. Kenbe L anba kè nou-nou, epi sonje L. Medite sou Li la a.

336 Li te dwe vini nan pwòp fason pa yo, pou pa yo, sot nan pwòp denominasyon pa yo. “E sòf si l fè sa, se pa Limenm, ou wè. Se jis sikoloji, oswa se dyab la. S on-s on...Se pa Bondye. Paske, si se te Bondye, Li ta dwe vini,” nan pwòp fason pa yo, nou wè: “fason ke n te entèprete L la.”

337 Sa se fason ke Jezi te dwe vin jwenn Farizyen yo. Li te dwe fason sa a. Ou wè? Si pa yo...Si Bondye ta pral voye yon-yon Mesi, yo te genyen tout entèprete jis kijan L dwe ye. E paske Li vini on fason diferan, alò: “Se pat Mesi a. Li t on bagay ki pa lejitim. Li t on Bèlzeboul.” Men se te Bondye k ap kache nan senplisite.

338 Prékisè a dwe on sèten moun ak edikasyon ke pa yo...Ebyen, youn, pa gen dout...Chak jou, chak ane lè yo, ya, te òdone minis yo epi te voye yo kòm misyonè, pou konvèti epi mennen vini; chak moun te panse: “Sa pral prekisè sa a ki vini.” Men Bondye te leve l sot nan dezè a kote pat gen okenn semine ditou, ou wè, ak bagay konsa. Ou wè? Bondye k ap kache Tèt Li nan imilite ak nan senplisite.

339 Men kounye a tann. Nan konklizyon an, nou di sa. Men pou rejte Mesaj senp Bondye a; pou-pou-pou rejte Sa, fason senp Bondye a, se pou detwi Etènèlman. Kounye a, sa se nan ki pwen...Nou pale kijan L senp, epi moun panse, ebyen, yo ka griyen dan sou Li epi pase sou tèt Li, epi trete L nenpòt fason yo vle, men se separasyon Etènèl ak Bondye.

340 Sa yo ki te mouri nan tan Noe, e ki pat tande mesaj li, yo te peri. E Jezi te al preche pou yo nan chenn tenèb yo, pandan lanmò Li, anvan L resisite. E L ale nan lanfè, e L preche pou espri yo ki te nan prizon, ki pat repanti nan jou Noe yo ki te toleran; pandan ke on senp

mesaj Bondye te preche pa on senp òm. Li te ale. Li di: "Noe te preche ke Map vini, e men Mwen." Se vre. Wè?

341 Sa yo ki pat tande mesaj pwofèt sa a, Moyiz, lòt bò a nan dezè a, ke I te resevwa de Bondye, ki te byen konfime pa on Kolòn Dife, alò ke I te kondwi nan dezè a. E apres, yo te eseye eleve tèt yo e fè on òganizasyon, yo tout peri e yo mouri nan dezè a, sòf de moun, Jozye ak Kalèb.

342 E lòt bò a, Farizyen an-an te tèlman avèg ke yo pat ka wè sa, alò ke yo tap gade nan pase e yo di: "Papa nou manje laman, yo manje laman nan dezè a."

343 E Jezi di: "Yo tout mouri." Yo wè Glwa Bondye a. Yo mache nan Limyè...Yo mache nan Limyè a. Yo mache nan Limyè Kolòn Dife a. Yo mache nan Prezans pwisans Li. Yo mache nan kote Sentepri a te fè, pou yo mache. Yo manje laman ki te tonbe nan Syèl la, ke Bondye te bay. E, yo pèdi, e yal an anfè. "Yo, tout, *mouri*." Si w pran pawòl sa a, se "separasyon Etènèl" de prezans Bondye. "Yo tout mouri." Wè?

344 Tout moun ki refize Jezi mouri. Nou wè sa m vle di? Pou w refize senplisite sa Bondye! Se pa jis on bagay... Ou di: "Eben, m fè on erè." Ou pa fè sa konsa. Bondye pa aksepte I konsa. Ou mouri, Etènèlman. Pito nou reflechi sou yon bagay. Kounye a, fòk li byen idantifye pa Bondye, wè, e apre, si I fè I, se Pawòl Li. Nou wè? Oh! Tankou sa yo ki te rejte Moyiz, ki te rejte Eli, ki te rejte Jan, ki te rejte Jezi, nan epòk yo.

345 Men, kite m di nou on ti bagay, E, apre, m espere ke m pa blese nou twòp. Men, gade. Lòt jou a yo te fè m vini Houston, Texas, pou eseye jwenn on padon. M te rasanble kèk moun ansanm, pou preche on mesaj, epi pou fè moun yo siyen lòt bò a on padon pou-pou jèn nòm sa a e jèn fi sa a. Nou konnen yo te nan pwoblèm sa a. M devine ke nou te li I nan jounal la. E sa se te bofis Mr. Ayers.

346 E Mr. Ayers se li ki te pran foto Anj Seyè a, ke nou wè jis la a. On Katolik Women; e madanm li te Jwif. E I te marye fi Jwif sa a. Yo pat pale de relijyon ant yo, anyen konsa. E Ted Kipperman, ki te avè I tou nan biznis la, yo te gen Douglas Studios.

347 E I rive lòt bò a, kote Mr. Best, Dr. Best, de egliz Batis la, te kenbe pwen li anban nen Frè Bosworth, e I te souke I, e I te di: "Pran foto m, pandan wap fè sa." Li te di: "M pral pran po granmoun sa a e map kwoke I nan biwo mwen, kòm on moniman gerizon Diven."

348 E anvan m ale Houston, Texas, Seyè Bondye te di m pou m ale la a. E m te la nan Non Seyè a. E nou tout konnen deba a ak bagay ki te pase. Nou te li I nan bwochi yo e ensidswit. E men li. E sware sa a...m tap jis eseye mache ak imilite.

349 “Poukisa”, yo di: “yo son bann inyoran.” Dr. Best di: “se jis on bann inyoran.” Li di: “Pa gen okenn moun ki ka kwè nan gerizon Diven, bagay konsa. Son bann retade.” Yo pat konnen ke se te Bondye nan senplisite. “Poukisa,” li di: “Nonm lan pa menm gon edikasyon primè.”

350 Li te gen tout diplòm posib, jiskaske l te panse ke l te ka ranmase Frè Bosworth nenpòt kijan. Men lè nap pale de Pawòl la, li pat men rive nan cheviy li. Nou wè? E Frè Bosworth te konnen kote l te kanpe. Anpil nan moun li yo, ki chita la a, yo te nan deba a. E men li.

351 Lè a li jis lage sou nou, ap di ke nou on bann inyoran. Li di: “Moun ki desan pa menm kwè nan sa.”

352 Frè Bosworth di: “Jis on moman.” Li di: “Konbyen moun nan vil sa a,” apeprè trantmil te chita avè nou sware sa a: “Konbyen moun nan vil sa a isi a, ki ale nan gwo, bèl egliz Batis sa yo, ka pwouve avèk on nòt doktè ke yo te geri pa Pwisans Bondye, depi ke Frè Branham nan vil la? Kanpe.” E twa san leve kanpe. “Kisa nou di de sa?” Men li. Bondye tap kache nan senplisite. Apresa le di: “Frè...”

353 Li di: “Mennen gerisè Diven a. Kite m wè l kap ipnotize on moun, apresa kite m wè yo yon ane apre jodia.” E Ted Kip-...

354 Epi Ayers, li menm menm ki te pran foto a, di: “Mr. Branham anyen lòt ke yon ipnotizè. M wè on fanm ki te gon boul na kou l, *konsa*, epi,” li di: “Li te ipnotize fanm sa a. Nan demen m pale avè l, e li pat gen okenn boul nan kou.” Li di: “Nòm lan ipnotize l.” E, oh, li jis ridikilize m. Li di ke yo te dwe chase m de vil la, e ke li te dwe fè l li menm, nou wè, e l tap kontinye. Se te on gwo tit nan premye paj *Houston Chronicle* lan.

355 M pa janm di yon mo. M te la pou m te fè travay Papa m, epi fini; rete ak Pawòl sa a. Li voye m la a, e se biznis Li.

356 Sware sa a lè m mache desann la a, m di: “Mwen-mwen-mwen-m pa on gerisè Diven. Se pa sa m ye. Si yon moun di sa,” m di: “yo twonpe yo.” E m di: “M pa vle yo rele m on gerisè Diven.” M di: “Si Dr. Best isi a preche sou sali, li pap vle yo rele l on Sovè Diven.” E m di: “Alò, m preche sou gerizon Diven, m pa vle yo rele m on gerisè Diven. Men li di li pa yon Sovè Diven; sètènman, se pa sa l ye. Ni mwen menm, m pa on gerisè Diven. Men, ‘Avèk tout kou li te resevwa yo, li ban nou gerizon,’ se Sa map montre nou.” Nou wè?

E alò, li: “Pa fè sans!” nou konnen, ap mache an wonn.

357 E m di: “Men si Prezans lan e don Bondye sa a, Anj Seyè sa a, si se Sa ke yo remèt an kesyon, Sa ka pwouve.” Apeprè nan menm moman an, li vini, tankou on toubiyon kap desann. M di: “M pa bezwen pale ankò kounye a. Li deja pale pou mwen.” Epi m ale.

358 Epi m ale Houston, gwo vil sa a, youn nan pi bèl vil ki genyen nan peyi a. Lè m ale, lòt jou a, se te yon wont pou wè vil sa a. Lari yo te sal. Kontwa plas la, dirèk anba Avni Texas; e m te ale nan Otèl Rice la, kote vedèt sinema te abitye rete lontan, e m te desann nan sousòl sa a, nan kafeterya a, plafon an tap tonbe, e te gen mòso plat atè a, ak salte, ak pousyè. Epi konfizyon nan mitan predikatè yo tankou mwen pa janm te oswa janm tandè nan vi mwen.

359 Poukisa? Refize Limyè se mache nan tenèb. Men pitit yo ki chita, ki kondane a lanmò. Se vre. Bondye te desann. Lè senplisite a te prezante e rejte, alò Bondye montre tèt Li nan senplisite.

360 E se la ke yo pran foto sa a ki travèse mond lan. Menm syantifik yo deklare ke Se sèl Èt sinatirèl ki te janm fotografye nan tout istwa mond lan; e li kwoke nan Washington, DC, nan galeri atizay relijye. Men li, senplisite ki manifeste, fwa sa a. Nou wè? Nou wè? Bondye Kache nan senplisite, apre Li manifeste tèt Li. Nou wè?

361 Kounye a, Li kache tèt Li nan lanmò Kris, men Li manifeste tèt Li nan rezirèksyon an. Oh! lala! E ensidwit, nou ka, nou jis...nou ka... Pa gen fen a sa; nou ka jis kontinye pale. Men se sa, nou wè.

362 Pou refize di gen limyè solèy, vle di ale nan sousòl la e fenmen je w nan limyè a. E se vre. E, sonje, sèl jan ke ou ka an tò, se refize verite a anvan. Nou wè? E si w refize ouvri je w, wap viv nan tenèb. Nou wè? Si w jis refize gade, kijan wap fè wè? Nou wè? Gade bagay yo ki senp. Se ti bagay sa yo ke w pa fè, pa gwo bagay yo ke wap chache fè-fè. Oh! lala!

363 Alò, gade, kite m di nou. Nan Mal-... Nan Matye 11.10, Li di: "Si ou ka resevwa li, sa se li." Nou wè? "Se li menm ki te voye devan Mwen." Se te senplisite.

364 Yo te mande la on jou, yo di L: "Poukisa eskrib yo di ke..."

365 Li, Li di: "Fis de lòm lan dwe monte Jerizalèm. Yap livre m nan men pechè yo, e yo pral touye Fis de lòm lan. E Lap mouri, e nan twazyèm jou a Lap resisite." Li di: "Pa di pyès moun vizyon an, anlè a."

366 E disip yo, kounye a panse a sa, disp ki te mache ak Jan yo, te pale avè l, manje avè l, nan dezè a, te chita deyò sou rivaj yo, apre yo te di: "Poukisa anseyan yo di ke Eli dwe vini an premye? Ou di W ap monte pou klouwe sou kwa a, epi W ap leve. Ou se Mesi a, pran twòn lan. Kounye a poukisa eskrib yo...Tout Ekriti nou yo isi a di, Lèzekriti di klè, ke, anvan Mesi an va vini, ke Eli va vini an premye." Ya. Ou wè?

367 Li te di: "Li deja vini, e nou pat konn sa." Kounye a, kimoun sa te ye? Disip yo.

368 M pral fè mal isi a, jis on tikal kounye a, men m pa fè ekspre, ou wè; pandan kèk minit k ap vini yo, ou wè, jis on minit, oswa de, men konsa n ap sèten nou konprann. Èske n ka tandè? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

369 Gade! “Poukisa?” Mesye sa yo ki te mache ak Kris: “Poukisa Lèzekriti, an premye, di ke Eli dwe vini?” E yo te pwòp konvèti Jan, e yo pat menm konnen l. “Poukisa Lèzekriti di, anseyan yo?” Nou wè sa m vle di? Ou wè? “Poukisa Lèzekriti di ke Eli dwe vini an premye?” Disip ki te mache avè l yo: “Poukisa Lèzekriti di ke li dwe vini an premye, anvan bagay sa yo, epi restore tout bagay?” Li te fè l, pou apeprè on mwatye douzèn moun, e se tout sa k te genyen. Ou wè? Se tout sa ki te sipoze resevwa l. Se te sa ki te òdone pou wè l.

370 Jezi te di: “Li vini deja, e nou pat konnen l. Men l te fè jis sa Lèzekriti te di l t ap fè. Li te restore yo, nou tout ki te resevwa M epi kwè nan Mwen. Li te fè egzakteman sa Lèzekriti te di l t ap fè. E yo te fè l sa Lèzekriti te di yo t ap fè. Li vini deja, e nou pat konnen l.”

371 Èske nou pare? M vle choke nou on ti kal. Anlèvman an ap menm jan. Lap tèlman senp, pa gen dout li pral menm jan an, jiskaske Anlèvman an pral vini youn nan jou sa yo e pèsonn pap konn anyen sou sa. Kounye a, pa, pa, pa leve touswit, men analize jis on minit. Map fini san fot. Anlèvman an ap vini on fason si senp ke jijman yo pral tonbe, e yap wè Fis de lòm lan, e yap di: “Èske nou pat sipoze gen *tèl bagay tèl bagay*? E èske Eli pat sipoze voye bannou? E èske pat sipoze gen yon Anlèvman?”

372 Jezi pral di: “Li deja pase, e nou pat konn sa.” Bondye nan senplisite. Nou wè?

373 Kounye a, semèn sa nou pral antre nan ansèyman sou Pawòl la ki trè pwofon. Kounye a, remake, Anlèvman an, ap gen kèk kap nan Epouz sa a. Li pap...

374 Kounye a wè ki jan teyolojyen yo prezante li? Yo gen tablo, e yale, ap montre dis milyon mounkap anlve isit la; tout Metodis yo, si son predikatè Metodis; si son Pannkotis, tout Pannkotis yo prale. Li pap janm manyen sa.

375 Petèt ap gen youn ki pral kite Jeffersonvil, on moun ki pral manke. Yo pral di: “Eben, ou pa janm...” Rès lòt yo pap konnen. Ap gen youn ki pral kite Georgi. Nou wè? Ap gen youn ki pral kite Afrik. E annou di ta gen senk san moun kap viv, ki pral anlve. Kounye a, sa se pa-sa se pa kò egliz la. Sa se Epouz la. Sa se pa egliz la. Sa se Epouz la. Nou wè?

376 Legliz la-la ap resisite pa dè milye, men sa se nan pwochen rezirèksyon an. “Yo pa viv nan espas mil ane an.” Nou wè?

377 Men, nan Epouz la, si senk san moun kite latè a minit ki la a, lemonn pap konn anyen sou sa. Jezi di: “Ap gen youn nan kabann lan; e map pran youn, kite youn.” Sa se nan aswè. “Ap

gen de nan chan an,” sou lòt bò tè a, “Map pran youn e kite youn. E jan I te ye nan epòk Noe, konsa lap ye lè Fis de lòm lan pral vini.

378 Reflechi! Tout bagay ap kontinye kòm si pat gen anyen. On Mesaj fanatik pral sikile, epi, sa w konnen, on bagay, “Predikatè sa a, al on kote, li pa janm tounen. Li pwobableman al nan bwa yo, al fè lachas. Li pa janm retounen ankò. E moun sa al on kote. Nou konn sak rive? M kwè, jèn fi sa a, genlè yo kidnape I on kote, nou konnen, on moun pran fi sa a e maltrete I, pwobableman voltije I nan rivyè a. Li pat avèk okenn moun.” Mwatye nan... katrevendiznèf de chak... Nou ka di ap gen youn sou san milyon kap konn on bagay sou sa; nou wè, ‘sof si yon moun ki konnen I di: “Fi sa a disparèt. Poukisa, m pa ka konprann. Li pa janm pati konsa.” Non.

379 Epi lè yo: “Tonm yo-yo pral louvri”. Ki jan tonm yo pral louvri? Le, mwen-mwen pa gen tan pou m antre nan sa, sa m te vle. Map oblije pran sa, nou wè, jis pou montre nou senplisite Bondye a. E kalsyòm sa, potasyòm, ak tout bagay, lè-lè... Tout sa ki nan ou, kòm matyè, sèlman bay on kwiye. Se vre. E sa sa fè, li vin espri e lavi ankò. Bondye jis pale, e Anlèyman an pral vini. Li pa pral deyò la a, e Zanj yo kap desann ak pèl yo pou louvri tonm yo, e fè soti on vye kadav mouri la a. Sa sa ye? Sa te fèt nan peche, pou kòmanse. Nou wè? Men, Youn ki nouvo, ki sanble a sa a, nou konnen. Nou wè? Si nou gen sa, nap mouri ankò. Nou wè? Pèsonn...Nou di: “Tonm yo pral louvri. Mò yo pral soti.” Se ka vre, men pa louvri fason nou di louvri. Nou wè? Se vre. Nou wè? Li pap konsa.

380 Lap on sekre, paske Li di Lap vini “tankou on vòlè nan aswè.” Li deja di nou sa, Anlèyman an.

381 Aprea jijman pral frape; peche, kalamite, maladi, ak tout bagay. E moun pral kriye pou lanmò pran yo, lè jijman an. “Seyè, poukisa jijman an sou nou, lè Ou di ap gen Anlèyman an premye?”

382 Lap di: “Li deja pase, e nou pat konn sa.” Nou wè? Bondye kache tèt Li nan senplisite. Oh, lala! Ok. “Tout sa, li gentan rive, e nou pat konn sa.”

383 Poukisa kwayan yo pa kwè siy ki senp yo de Vini Li?

384 Yo atann yo a tout bagay sa yo ki mansyone nan Ekriti a. epi-epi la lalin ki pral kouche nan mitan... oswa solèy la, nan mitan jounen an, epi ap gen tout kalite bagay. Oh, si nou te gen jis... m gen nòt yo ki ekri sou sa la a, nou wè, pou montre nou kisa bagay sa yo ye. E nap vin sou sa, de tout fason, semèn sa a lè So sa yo pral brize, nou wè. Nou wè? Men li, kote I deja pase, e nou pat konn sa. Gade si se vre, si Anj Seyè a pral brize So sa yo. Sonje, li sele avèk Sèt Tonè misterye sa yo. Nou wè?

385 Kounye a ki sa? Poukisa moun yo pa ka kwè senp senplisite yon gwoup moun enb, nou wè, epi Vwa a-a siy Bondye yo? Poukisa yo pa ka kwè I? Menm jan I te toujou ye, on veritab Pawòl Bondye ki vin manifeste. Li, yo twò entelijan e twò edike pou kwè fòm ki senp Pawòl ekri a. Yo vle mete pwòp entèpretasyon yo nan Li. “Sa pa vle di sa. Sa pa vle di sa a.” Nou wè? Sa vle di Sa.

386 Tande. Kite m di nou sa, rapidman, kounye a. Menm vizyon yo ke Bondye bay isi a, nan plas la, li tèlman mal konprann. Se poutèt sa nou tandè m nan kasèt yo, ki di: “Di sa kasèt yo di. Di sa vizyon yo di.” Kounye a, si ou byen reveye, wap wè on bagay. Nou wè? M espere m pa bezwen kenbe I nan men m, pou m montre nou. Nou wè? Nou wè? Nou wè? Nou... Li-Li la a. Nou nan fen an. Nou wè? Wi, msye. Entelijan yo ki edike rate li. Vizyon yo ki senp, lè yo revele fason senp sa a, li pase konplètman anlè tèt moun yo. Nou wè?

387 Paske m te wè vizyon an, m te pale nou sou tout bagay lè n te monte al lachas, epi, ou konnen, sa te jis fè moun yo bite. E la a Bondye te voye I anlè la a pou bi a menm, epi retounen epi entèprete I dwat la a, ap montre depa manman m, ak bagay konsa. Epi retounen pou di I, a lavans. Epi I te pase jis egzakteman fason L te di I t ap fèt la. Ou wè?

388 E, poutan, Jan te soti dwat la a epi te konfese. Li te di: “Mwen pa on Mesi, men m se vwa sila k ap rele nan dezè a.”

389 Epi apre disip sa yo menm di: “Poukisa, èskrib yo di Lekri-...Lekriti anseye ke Eli dwe vini an premye?” Ou wè? Senplisite Bondye ki ale, jis anrasinen dwat sou tèt moun yo.

390 Ann pran sa a, epi konkli. M ap fè I, avèk èd Bondye. Ou wè? Gade. Kounye a ann antre nan detay sa a. Apresa, m-m dezole m kontinye ap di nou tout m prale, epi...Gade. M dezole m kenbe nou. Men, jis kèk èdtan, n ap tounen.

Gade, ann pran on senp gout lank.

391 Tout bagay se pou on bi. Nou ransanble isi a maten pou on bi. M manje lakay ou, Charlie; Nellie, ou kwit manje pou mwen, pou on bi. Mwen...Tout bagay se pou on bi. Legliz sa bati pou on bi. Pa g anyen san on objektif ak on kòz.

392 Ann pran senp gout lank lan kounye a. Èske n ka tandè m? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Ann pran on senp gout lank, epi gade I. Kisa I ye? On gout lank. Ki kote I soti? Trè byen. Ann pran gout lank sa a kounye a, se, epi di se lank nwa. Kounye a, lank sa se pou on objektif. Li ka ekri padon m nan on pri-...soti nan on prizon. Li ka ekri padon m sot nan on selil lanmò. Se vre? Li ka ekri Jan 3:16, epi sove nanm mwen pa kwè Li. Èske se vre? [“Amèn.”]

Oswa, li ka siyen manda lanmò mwen. Ou wè? Li ka kondane m nan Ban Jijman an. Se pou on bi. Èske se vre? ["Amèn."]

393 Ebyen, ann gade ti lank sa a epi wè kote l soti. Kounye a, se lank. Yo te asanble l, ak pwodwi chimik e latriye, jouk li vin lank. Epi l nwa. Ou lage l sou rad ou, l ap tache l.

394 Men nou pwodwi on bagay ki rele klowòks. Noumenm fanm yo nou sèvi ak Klowòks pou blanchi. Ebyen, m pran gren gout lank sa a epi lage l nan on kivèt klowòks, kounye a kisa k te rive lank lan? Ou wè? Poukisa? Klowòks la te pwodwi, envante epi fabrike pwodwi chimik, ansanm, ki pral sitèlman dekonpoze koulè sa a jouk nou pa ka jwen li. Kounye a, on pati nan klowòks la se dlo.

395 Dlo se H₂O, ki se idrojèn ak oksijèn. E toude idrojèn ak oksijèn, toude, se eksplozif danjere. E, alò, idrojèn ak oksijèn se sann an reyalite. Se sa li ye, se vre, sann chimik, jis sann chimik. Bon, kounye a melanje l ansanm, e w ap gen dlo. Men, brize l, ou gen idrojèn ak oksijèn, e jis kontinye retounen nan debi a.

396 Kounye a, antan n nan sa, ann pran...E mwen pa kapab. Bon, gen dwa gen chimis ki chita isit la. E kounye a mwen vle di sa, paske pral---pral gen chimis k ap tande l, m pa konn fòmil la. Men mwen vle eksplike l ak ti mwayen modès mwen an, mwen espere ke Bondye va revele Tèt Li ladann.

397 Gade, m jete gout lank sa a nan yon---yon klowòks. Kisa k rive? Touswit tach nwa a disparèt. Ou pa ta ka jwenn li ankò si w te dwe, li disparèt. Ou p ap janm wè l ankò. Kisa k pase? Kounye a, ou pa wè anyen ki soti nan li. Non. Poukisa non? Paske li dekonpoze.

398 Bon, lasyans ta di: "Li retounen a asid orijinal li yo."

399 Ki kote asid yo soti? Ou wè? Ebyen, ou di: "Li soti nan---nan sètèn bagay." Dakò. Ann di, pa egzanp, tankou, "Se vapè yo ki fè asid." Ki kote vapè yo soti? "Ebyen, se te, ebyen ou di, se molekil yo ki fè vapè." Ki kote molekil yo soti? "Nan atòm." Ki kote atòm yo soti? "Nan elektron yo." Ki kote yo soti? "Limyè kosmik." Ou wè, ou ret kole nan yon dekouvèt pase ke chimis yo deja fè, kounye a. E si se yon sibstans ak yon kreyasyon, sa dwe vini de yon Kreyatè.

400 Kifè, nou pa chita isi a pa chans. M pap kenbe jouk midi edmi, oswa inè, pa chans. "Seyè a bay lòd pou mach jis la." Ou wè? G on rezon pou sa. G on rezon pou w kwè. G on pou w pa kwè. Jis menm jan ak-ak lank sa a.

401 Kounye a ann antre nan detay sa a. Kounye a, premye bagay la, di, apre nou retounen nan...N ap mennen l tounen jouk nan molekil. Kounye a, nou te pran molekil, m ta di, nimewo

1 fwa molekil 9, fwa molekil 12. Kounye a, si te 11, li t ap vin wouj. Men li-li te dwe 12, pou fè nwa.

402 Apresa n ap desann sa a nan atom. Li te atom. Epi, 9^6 fwa $+4^3$, yo egal atom 16^{11} . Si l te 16^{12} , li ta ka mov. Ou wè? Apresa ou kontinye dekonpoze l.

403 Sa montre ke te g on bagay dèyè lòtbò a, pou kòmanse. Se sèlman bon sans. S on kreyasyon. Te dwe g on Kreyatè. E li te sot nan on Kreyatè, epi apre sa te deside epi mete nan sa yo, diferan. Kounye a, lasyans pa ka retire atom B_{16} fwa 12, fwa 14, fwa kèlkeswa, konsa, pou fè sa. Bondye te dwe fè sa.

404 Epi apre sa te mennen nan on plas jouk kote sa te desann nan atom, apres a lasyans ka kòmanse manyen l. Apresa sa soti nan molekil, apre yo ka kòmanse wè l on tika pi byen. Apresa li desann, depi nan sa, nan on lòt bagay. Apre, premye bagay, li vin nan pwodwi chimik, epi apre yo mele sa yo ansanm.

405 Kounye a, lè lòm, anvan l te peche. M ap konkli, men piga n rate sa. Lè lòm te peche, li te separe tèt li ak Bondye, epi te janbe gwo abim lan, epi mete tèt li nan lanmò sou bò sa a. Li te pati. Pa g okenn mwayen pou tounen. Egzakteman. Pa g okenn mwayen pou l tounen. Men lè sa a lè l te fè l, Bondye te asepte on ranplasan, ki te ayo an, oswa on kabrit, oswa on mouton, oswa on bagay, pou san; ke Adan te pale de li, oswa-oswa Abèl te pale de li, sou lòt bò abim lan.

406 Sou bò sa a, li se on pitit Bondye. Li s on pitit ki sot nan Bondye. Li son eritaj latè a. Li ka kontwòle lanati. Li ka pale pou mennen egzistans. Pouki, li s on kreyatè, pou tèt pa l. Li s on pitit Bondye.

407 Men, lè l te janbe, li te separe relasyon papa pitit li a. Li s on pechè, pa nati. Li anba men ak dominasyon Satan.

408 E Bondye te pran on sakrifis, on pwodwi chimik, de san an, men san towò yo ak kabrit yo pat divòse ak peche. Li te sèlman kouvri peche. Si m g on tach wouj sou men m, epi kouvri l ak blan, tach wouj la toujou la a. Ou wè, li toujou la a.

409 Men Bondye te voye desann, sot nan Syèl, on klowòks pou peche. Se te San Pwòp Pitit Li. Ke, lè peche konfese nou tonbe nan klowòks Bondye a, eseye jwenn li ankò! Koulè peche an tounen dwat nan medyatè yo, epi desann atravè tan an, jouk li frape akizati a, Satan, epi poze sou li jouk Jou Jijman an.

410 Kisa k rive pitit gason an? Li vin nan relasyon pafè ak Papa a ankò, kanpe sou lòt bò abim lan, san pa g okenn souvni peche kont li. Pa gen ankò, pa gen okenn tach klowòks yo

ka wè ankò pyès kote. Li lib. Alelouya! Jis menm jan Klowòks sa a, oswa lank sa a pa ka janm lank ankò, paske li degrade e yo voye l tounen ankò. E lè peche ki konfese konfese epi te tranpe nan...Yon nonm oswa yon fanm ki te plonje nan San Jezikri, sa touye tout sentòm yo. Epi chak molekil peche retounen bay dyab la, epi poze sou li jouk Jou Jijman sa a, kote yo pral jete destinasyon Etènèl li a nan Lak Dife. Epi g on pon ki mete sou abim lan, e pap janm vin nan souvni ankò. E yon nonm kanpe jistifye, tankou on pitit Bondye. Senplisite!

411 Moyiz, anba san towò ak kabrit, ak konfesyon l nan Pawòl Bondye a! E Bondye te ka pran nonm senp sa a, epi mete Pawòl Li nan bouch li. E li te pwouve ke li te sèvitè Jehovah, paske li te ka mache la a epi Jehovah te pale avè l pa vizyon. Li te mache soti, te lonje men l nan direksyon lès.

412 E kounye a, sonje, Bondye te pale avè l. Se panse Bondye. Bondye itilize lòm. Bondye te pale avè l. Se vre. Li te di: “Al lonje baton sa a, ki nan men w, nan direksyon solèy leve, epi di: ‘Mouch!’”

413 Moyiz, anba san kabrit sa a, mouton, te mache sot la a epi te pran baton sa a, t al nan direksyon lès la. “MEN SA SEYÈ A DI. Se pou gen mouch!” Pat janm tandè on mouch. Te mache tounen. Sa te deja pale. S on panse, kounye a li pale, li eksprime. Se Pawòl Bondye lè sa a. Li vin nan bouch imen, on senp nonm anba san on towò, towò oswa on kabrit.

414 Premye bagay ou konnen, on mouch vèt kòmanse vole nan viwonn lan. Pwochen bagay ou konnen, te gen senk liv pa mè. Kisa l te ye? Se te Pawòl Bondye, ki te pale nan Moyiz, Kreyatè a. Paske, anba san an, li te kanpe nan Prezans Bondye, e pwòp Pawòl li yo pat pawòl pa l.

415 “Si w abite nan Mwen, e Pawòl Mwen abite nan ou, alò pale sa w vle, yo va ba ou l.” Ki kote Legliz la kanpe?

416 “Se pou gen krapò!” E pat g on krapò nan peyi a. Nan inèdtan, te gen dis pye pwofondè, nan kote yo. Kisa l te ye? Se te Bondye, Kreyatè a, k ap kache Tèt Li nan yon nonm senp.

417 Kounye a m vle mande nou on bagay. Si san on towò oswa on kabrit te sèvi pou on klowòks, ki ka sèlman kouvri, te ka met yon nonm nan pozisyon pou pale Pawòl Bondye ki kreye a epi mennen mouch nan egzistans, poukisa nou ta bite nan klowòks San Jezikri an Ki te ka pale on ekirèy oswa on bagay nan egzistans?

418 Piga nou fè sa, pa bite sou senplisite. Kwè ke Li toujou ret Bondye. O la la! Padone peche! O, kijan m swete m te ka...

419 Apresa, nan Mak 11:22: “Si nou di mòn sa a: ‘Deplase,’ epi nou pa doute nan kè nou, men kwè ke sa n te di a pral rive, o, nou ka gen sa n te di a.”

420 O la la, M gen twa oswa kat paj. Nou jis dwe kite l ale. Mèsi.

421 Bondye kache Tèt Li nan senplisite. Ou pa wè sa? Gen yon pwoblèm yon kote. Lè Bondye fè yon deklarasyon, Li pa ka manti. Li te fè pwomès la. Ou wè? Li kache nan senplisite. Li tèlman senp!

422 Moun ki enstwi yo ak eridi yo di: “Ah, se...O, se telepati oswa kèk bagay. Ou konnen, se yon...”

423 Bondye kapab remonte kouran tan an, epi di w lan tan sa a jis egzakteman sa ki te pase, di w jodi a egzakteman kisa w ye e kisa w pral ye. Sa se ankò gras a dekoloran Jezikri a, Ki ka pran yon pechè epi blanchi li anndan La, epi li kanpe nan Prezans Bondye.

424 “E si w demere nan Mwen, epi Pawòl Mwen demere nan ou; ou mèt mande sa w vle, e li va fèt. Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke M fè yo li va fè yo tou.”

425 “Kouman nou fè kondane M? O, èske pwòp lwa nou yo pa di ke sila yo Pawòl Bondye a te vini a yo menm lan, pwofèt yo, èske nou pat rele yo ‘dye’? Epi kouman nou ka kondane M lè M di Mwen se Pitit Bondye a? Yo pa arive wè sa. Yo pa arive wè sa.

426 Kounye a, Egliz, nan Mesaj k ap vini yo, apati de aswè a, piga nou fayi wè sa. Ou wè? Gade jou n ap viv ladann lan. E, sonje, san Jezikri a voye peche sitèlman lwen nou, alòske yo pa menm nan souvni Bondye ankò. Li anlve tout tach.

Pechè te lese yon tach kramwazi,

Li te lave l blan tankou nèj.

Epi devan Twòn lan,

Mwen kanpe devan L pafè.

427 O, la la, kouman mwen ka vin pafè? Kouman mwen ka vin pafè? Akòz San an; pa mwenmenm, men San sa a kanpe ant Bondye avè m. Mwen te aksepte L. E Li te mete l...mwen se yon pechè, men Li se Bondye. Men chimi an kanpe ant mwenmenm, sa k ap touye pechè a, alò Bondye wè m jis osi blan ke dlo a--a ki nan--ki nan klowòks la. Pechè m yo pati. Li pa menm ka atenn Li, paske gen yon Sakrifis ki blayi la.

428 Ki kote lafwa nou ye pou kwè Pawòl senp Bondye a? Senpleman sa Bondye di a, jis pran L sou Pawòl Li. Bondye kache Tèt Li kounye a nan senplisite, nan yon ti gwoup moun

enb, men youn nan jou sa yo Li pral manifeste Tèt Li jan Li te toujou konn fè l nan jou pase yo. Èske nou renmen Li? |Asanble a di: “Amèn.”----Editè a|

Mwen renmen L, mwen renmen L

Paske Li renmen m anvan

E Li te rachte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

429 Èske nou renmen L? |Asanble a di: “Amèn.”---- Editè a| O, la la, èske Li pa mèveye? |“Amèn.”| Mwen espere e mwen gen konfyans ke Mesaj la va pwodi sa Li te gen entansyon fè a, ke L va fè nou rive nan yon plas kote nou p ap gade a bagay ki atire rega. Oswa kèk...Lè nou wè Bondye an grandè, gade kijan sa enb, e lè sa a nou va wè Bondye. Piga nou chache L...

430 Lè Eli te dèyè a la nan kavèn lan, lafimen te travèse, san, tonè, zeklè; e, ou wè, tout jan de sansasyon sa yo nou genyen yo, san sou figi epi nan men, ak sansasyon epi tout bagay. Sa pat janm deranje pwofèt la. Li jis te ret kouche la jouk li te tande yon ti Vwa dous, (kisa sa L te ye?) Pawòl la, epi li te kouvri figi l epi li te soti. Ou wè, Sa te regle.

431 Sonje, zanmi, pigas w chache gran, gwo...Ou di: “Bondye, Li pale de gran bagay ki gwo. Gen yon tan ki pral vini va genyen *sesi, sela*, oswa *se lòt bò*, gran bagay ki gwo.” Mwen espere ke w ap sezi sa m ap pale a. Ou wè? “Gran, bagay ki gwo, ou wè! E, o, lè pou sa vin akonpli, sa pral gran, gwo *konsa*.”

432 E lap tèlman enb, ou va rate tout bagay la, jis kontinye mache. Ou wè? E ou va gade dèyè epi w va di: “Ebyen, sa pa janm te vini...” Ou wè, Sa te pase jis anlè tèt ou, epi ou pat janm menm remake L. Ou jis pase akote. Ou wè, li tèlman senp. Ou wè? Bondye demere nan senplisite, ou wè, pou L manifeste Tèt Li nan grandè. Kisa k fè L gran? Paske Li ka senplifye Tèt Li.

433 On gwo, gran nonm pa ka senplifye tèt li; li dwe vin on diyitè. Ou wè? Men li poko gran ase. Lè l vin gwo ase, lè sa a li desann kon sa, nou wè, ka imilye tèt li.

434 Jan ansyen sen an te di anwo la a nan Chicago: “Kanmarad sa a te monte, ak tout edikasyon ak bagay sa yo.” Te di: “Li desann, ak kout fwèt, tèt pandye atè. Ap mache soti, yo bat li.” Li te di: “Si l te monte fason l desann lan, li t ap desann fason l te monte an.” Ebyen, se vre. Ou wè?

435 Imilye tèt nou. Se pou n jis enb. Pa eseye distenge tèt ou. Jis-jis renmen Jezi. Ou wè? Di: “Seyè, si gen nenpòt fwod nan kè mwen, si gen nenpòt move bagay, Papa, m pa vle konsa. Retire l. M pa vle vin konsa. O, m vle yo konte m tankou youn nan yo, nan Jou sa, Seyè. E m wè Jou a ap pwoche.”

436 Nou wè So sa yo kòmanse, si Bondye va louvri Yo ban nou. Sonje, Limenm sèl ki ka fè l. N ap depann de li. Bondye beni nou.

437 E kounye a m sipoze pastè nou pral g on pawòl pou nou, pou di; oswa pou l di nou, pito, anvan nou rankontre ankò apremidi an. E m panse sèvis la pral...Sèvis chan an a sizè edmi, pastè? E li...[Frè Neville di: “Ap kòmanse a sizè edmi.”—Editè a.] Sizè edmi. Epi l...[“Pòt yo ap louvri a sizè.”] Pòt yo ap louvri a sizè. Sèvis chan ap kòmanse a sizè edmi.

438 E si Seyè a vle, m ap pale, aswè a, sou sijè Liv Sèt So yo. Epi apre, Lendi swa, kavalye sou chwal blan an. Madi swa... Kavalye sou chwal nwa a, Mèkredi swa. Chwal gri a, chwal pal la. Epi kavalye chwal wouj lan. Epi apre antre nan sizyèm...katriyèm, senkyèm, ak sizyèm, epi apre Dimanch swa. Dimanch pwochen nan maten, ka gen on sèvis gerizon. M pa konnen.

439 Kounye a sonje, nou dedye a Seyè a, noumenm ak legliz la, pou sèvis Bondye a. Bondye beni nou.

440 Mwen-mwen anreta pou inèdtan. Èske n ap padone mwen? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Mwen-m pa, ou wè, m pat vle fè sa. Men, ou wè, mwen-m ap jis avè nou semèn sa a, apres a m ap pati ankò. E m pa konn kote m prale; jis kote l kondwi. E m vle mete chak minit m kapab ladann, paske m vle pase Etènite avè nou.

Bondye beni nou. Kounye a, Frè Neville.